

GRANDÈ YON NONM KI PAFÈ



Mèsi, Frè Neville. Seyè a beni w.

Li byen pou tounen nan tabènak la ankò maten an. Yon “bonjou” ak lagras, pou nou tout. E mwen konfyan ke sa pral yon gran jou pou nou tout, nan Prezans Seyè nou an—an. E kounye a m gen yon lesou maten an. M vle rive tou dwat nan lesou sa a, paske li yon . . . M panse li enpòtan. E li yon . . . E pou anpeche foul la vin tèlman kontrarye, nou konnen, yo dwe rete lontan, anpil kanpe. M pral tou dwat nan lesou an.

² E kounye a, aswè a, m vle pale sou sijè *Gid Lavi Mwen An*. E m espere ke anpil ki ka, otan ki ka la, ap prezan nan lè sa a, pou aswè a. Sepandan, si nou gen pwòp legliz pa nou, nou . . . byensi, nou vle pou nou nan—nan legliz nou. Sa se devwa nou pou nou la, kote pòs devwa nou ye, pou kite limyè nou klere.

³ Kounye a, nou kontinye ap espere ke, chak fwa lè nou tounen, n ap gen on tikal plis plas bò isi a. Men nou gen difikilte avè l, o, toupatou. Konsèy administratè sa yo te sètènman fouye nan tout bagay. E yo voye nan yon plas, y ap otorize li; apres a voye l on lòt kote, epi yo entèdi li. Epi voye l tounen, epi yo otorize l ankò bò *isi a*, epi tounen. O, ala yon moman nou te genyen! Men, nou konnen, Satan se toujou yon konbatan kont sa ki bon. Jis sonje, nou toujou gen rezon sou . . .

⁴ M t ap mande tèt mwen kote w te ye, Anthony. M wè ou te rankontre papa w. Epi m te gade la, nan oditwa a. Li te di ou te chita la a. Nou kontan pou n genyen w ak papa w isi a avè nou, Frè Milano ki sot New York. M espere, nan ale lòt bò dlo fwa sa a, m va gen yon lòt prentan, depi New York, yon kote laba, si Seyè a vle.

⁵ E kidonk nou trè kontan pou nou chak. Se jis—jis byen pou nou isi a.

⁶ E nou te gen yon gran moman yè swa, oswa omwen mwen te genyen. M te gen yon . . . [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] “E Ezayi nan tanp lan.” E kidonk nou . . .

⁷ E maten an, nou vle pale sou sijè a, oswa anseye, pito, si nou kapab: “Bati Tabènak vivan an; bati—bati Tabènak vivan an kote Bondye vivan an abite, Lòm pafè a; Tabènak vivan Bondye vivan an, kote Li abite.” E si . . .

⁸ M konprann ke yo gen kèk nan bon chante sa a isi a. M pa rive tande l. E aswè a, m pral eseye desann isi a. Madanm mwen te pale m de yon Frè Ungren, m kwè se sa non l te ye, ki sot anba nan—nan Tennessee. Bon, li te isi a yè swa. M pa wè l maten an, men m sipoze li isi a yon kote. E m ta renmen tande l chante aswè a, si m kapab, sa, swa *Desann Sot Nan Glwa Li*, oswa *Ala*

Ou Gran. M ta renmen tande sa. Konbyen moun ta renmen tande Frè Ungren? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] O, m—m renmen bon chante. E Meda te di ke l te gen yon jan de bariton. E sa raple m Frè Baxter nou an; li se yon chantè, tou, jan nou tout konnen. E *Desann Sot Nan Glwa Li*, oswa *Ala Ou Gran*. M kwè m te lokalize l kounye a, bò. . . Sa a trè byen, Frè Ungren, aswè a, si w vle, si ou rete la a? Ou pral rete, oswa eseye rete la a pou sèvis aswè a? Ebyen, mwen—mwen. . . Ebyen, pa. . . M di nou, e sa a, si nou. . . M pa vle lakòz okenn dezagreman bay pèsòn. Men poukisa non, alò, si nou ta vle, pandan tan *Sèt So Yo*, lè nou preche sa, si nou ta vini. M ta renmen anrejistre l sou kasèt, ou wè, pou genyen li, *Ala Ou Gran*, epi, tou, *Desann Sot Nan Glwa Li*, nan moman sa a.

⁹ O, èske sa pa mèveye pou sèvi Seyè a? M pa konn kisa m t ap fè si m pat yon Kreyen! . . . ? . . . Sa jis tèlman bon pou se yon Kreyen. M jis santi m tankou m jis anvi sote ponpe epi rele, byen fò. Paske m se yon Kreyen, panse a sa, ki ankre byen lwen nèt nan Kris!

¹⁰ M konnen m rele non mesye sa a mal chak fwa. Se swa S.T. oswa T.S., oswa on bagay konsa. Sumners, Frè Sumner. Li. . . M vle di l mèsi ak ti madanm presye li a. M panse ke li te pase apeprè, sa te sanble tankou, apeprè si mwa, ap tape *Sèt Laj Legliz* sa yo. E kounye a nou genyen l isi a, ki tape alamachin, pare pou korige, epi pral nan fòm liv, *Sèt Laj Legliz Yo*. Sè Sumner, kèlkeswa kote w ye a, sètènman w ap kite nou peye w pou sa. Sa, sa te pran anpil travay. Ebyen, li epè *konsa*. Sa t ap pran m apeprè si mwa pou li tout, ale wè pou pran l sot nan bann yo, epi vire l tounen epi retire repetisyon yo, epi fè yon liv avè l. N ap fè l pare epi voye l nan enprimri touswit, paske nou panse se yon bagay ke moun yo ta dwe genyen nan men kounye a menm, epi nou ka etidye l. E Billy te jis ap montre m, lè m antre deyè la a, sa fè kèk minit de sa, ke—ke—ke li te—li te pare kounye a pou al kay enprimè an. Kidonk, sè, tabènak la ap peye w pou sa. M pa atann pou w fè sa pou anyen. E—e oswa ni nou. . . Si nou gen liv la epi dwe fè yon pri sou li, oswa on bagay, n ap mete yon pri kote ou gen yon bagay kèlkeswa lè yo vann li, kèlkeswa sa l ye a. Jis pale ak konsèy la, konsèy administratè a, oswa kèk nan yo la a, epi y ap okipe sa pou ou. Seyè a beni w vrèman byen.

¹¹ Vye ti Frè ak Sè Kidd ki chita isi a, enpe mwens ke santan, jis on ti kal. E m te rankontre l sa fè yon moman, epi l te di: “Ebyen, sa ap pwobableman dènye fwa m gen pou m wè w, Frè Billy.” Li te di: “M sitèlman fin granmoun.”

¹² M te di: “O la la! M pa vle tande w di sa. Nou jis tankou yon vye ti manman ak papa.” Nou renmen Frè ak Sè Kidd. Nou, chak moun, renmen yo. Epi sa jis. . .

¹³ Sa fè m on bagay lè m wè yo mache nan legliz la, epi yon ti koup granmoun konsa. Epi jis panse, yo t ap preche Levanjil la anvan m te fèt. E m se yon granmoun. Wi, jis panse, yo tap

preche anvan m te fèt. E men m isi a kounye a, m rive panse m fin sitèlman granmoun. M jis prèske panse m prèske pare pou m kite sa. M wè Frè ak Sè Kidd antre: “Glwa pou Bondye! Alelouya!” M di: “Non, m santi m byen.” Wi, mesye. Pou wè yo, kijan yo ka, kijan yo vrèman enspire w!

¹⁴ Apresa ou reyalize ke, prèske laj mwen, ankò, epi toujou a pral sou chan an. Yo te desann maten an epi yo te mande liv, si yo te ka pran liv epi vann yo. Yo te vle bann, konsa yo te ka soti, pou genyen nanm nan jwe bann sa yo, a prèske santan. Kounye a kote “de zèl” nou yo ke nou tap pale de yo yè swa? Wi. M kòmanse panse: “Kote pa m yo?” lè l te di sa—sa yè. Ki laj ou, Sè Kidd? [Sè Kidd di: “M gen katreven en.”—Editè a.] Katreven en. Ki laj ou, Frè Tom? [Frè Kidd di: “Katreven de.”] Katreven en ak katreven de zan, epi toujou ap sèvi ak zèl yo, an aksyon, toujou a prale.

¹⁵ On bagay pase mal nan Ohio, ke Sè Kidd konnen, telefòn lan sonnen lakay. Lòt jou a, li te sonnen, epi yon ti bebe, yon ti bebe fi, m kwè l te ye, te fèt, epi trip yo soti nan li. [Sè Kidd di: “Blad pipi.”—Editè a.] Blad pipi, soti nan bebe a. Epi doktè a pat konn kisa pou l fè sou sa, epi li te pè antreprann operasyon an. Nou te priye. [“Te opere, Frè Branham, epi tounen mete l, paske, yo te di: ‘Li pat ka viv.’ Epi yo jis tounen mete trip li anndan.”] Li te tounen mete trip li anndan, ak yon operasyon, epi li te panse li pat ka viv. Epi li te viv. [“Nanpwen pasaj.”] Nanpwen pasaj lè sa a pou—pou. . . sot nan rektòm lan, pou manje a pase ladann. Epi Sè Kidd te rele ankò. Nou te ofri priyè ankò, e kounye a li gen yon pasaj nòmal. E men l isi a, kòm yon temwen; doktè a, tou. Ou wè? Se yon temwen ke Seyè Jezi, gran Kreyatè a! Ou wè kisa Satan te eseye fè? Koupe lavi bebe sa a. Epi apre, ou wè, apresa m kwè dam lan vin jwenn Seyè a. [“Li tounen vin jwenn Seyè a, lakay mwen an menm.”] Tounen al jwenn Seyè a. Sè Kidd te kondwi l tounen nan Kris, apre gran mirak sa a te rive pou bebe l la.

¹⁶ M te gen yon apèl de Kalifòni, yè, yon ti frè minis ki laba a, ke m te avè l lè m te fèk al Kalifòni, plizyè lane pase. Ti pitit pitit gason l lan te fèt ak—ak kat. . . twa valv fenmen nan kè li. Epi m te pale l de ka sa a. M te di: “Bondye ki te ka kreye lòt sa a epi fè l kòrèk, ka sètènman geri pitit pitit gason w lan.” Jis di ti gason an pou l pran kouraj.

¹⁷ Epi ti gason an te nan reyinyon an lè m te fèk nan Kalifòni, apeprè dizuit an de sa kounye a, sèz an de sa, sa te fè. Epi m te nan Kalifòni. Epi li. . . Reyinyon an te tèlman enfliyanse ti gason sa a jiskaske. . . Lè yo te gen bebe a, epi l te fèt, epi yo te wè te gen yon bagay ki pa bon, li te ble, epi yo te eseye ponpe oksijenn nan li, e latriye. Epi li pat parèt tankou l ta pral siviv, epi doktè yo lè sa a bay egzamen, epi yo te jwenn ke twa valv yo te fenmen nan kè li. Nanpwen ouvèti ditou, ou wè, jis—jis yon sèl valv kap ponpe. Epi l te rele papa l, epi te di: “Papa, rele Frè Branham, touswit. Di l ke tout. . . ‘Jis mande Kris. L ap fè l.’” Se sa. O la

la! Enfliyans sa a, sa yo wè, ou wè, nou te pale de li, yè swa. Bon bagay lan nan bon moman an.

¹⁸ Ebyen, si nou kontinye ap pale, nou p ap janm rive nan leson an, pa vre? Se jis tankou melas nan yon jou maten frèt, li jis pwès jan l ka ye, nou konnen, epi li tout kole ansanm. Nou kontan anpil pou gen yon fratènite konsa. Wi, mesye.

¹⁹ Kidonk kounye a ann kalme tèt nou, la, epi ale nan leson an kounye a. Prale petèt . . . M pa konn si nou ka wè sa oswa non, sou tablo nwa a. Petèt si m vire monte sa *konsa*, nan kèk moman, pouki, n ap kapab, kounye a, kèk nan nou, pou . . . [Frè Edgar “Doc” Branham di: “Vle yon pwojektè sou li?”—Editè a.] Kisa w di? [“Ou vle yon pwojektè sou li?”] Non, m pa panse sa, touswit, Doc. Jis petèt nan yon ti moman. [“Atè a menm, m ka mete on pwojektè sou li.”] Ebyen, n ap—n ap fè sa lè m gen kèk . . . Gen yon pwojektè isi a? Trè byen. Ann jis vire l dwat sou li. Èske nou ka wè dèyè nèt la a? Nou kapab? Si nou ka wè, leve men nou anlè, si nou ka wè tablo nwa sa a, li sa k sou li a. Non. Trè byen. Pran pwojektè a. Kounye a, pandan y ap pare pou sa . . .

²⁰ M ap vin kòmanse ta maten an; oswa, non, non, apeprè kenz minit pi bonè. E kidonk, alò, n ap jis pran tan nou kounye a, paske nou pa vle vin nan prese. Lè nou vin nan prese, alò nou jis detwi bagay nou ta pral di yo. Kounye a, m tap koute yon bann, lòt jou a, jan m te di nou, epi m te vin tèlman wont tèt mwen; pa sa m tap di, men fason m tap di l twò vit, epi se jis yon ton sou nè. M anvi tann. Li . . .

²¹ M—m te jis wè lòt jou a kote yo ta pral bati yon gwo zou, isi a nan mitan Louisville. Epi Mesye Brown, m kwè se te sa, bò la a, te ofri yon milyon dola pou zou a. Ebyen, si m te genyen l, m tap prèske ba yo sa pou lage bèt sa yo. M—m pa kwè nan mete anyen nan kaj konsa. M jis . . . M ale nan zou a epi wè pòv vye bèt sa yo, lous, ak lyon, ak lòt bagay, ap mache ale vini, anprizone pou lavi, nou wè. Sa fè w santi w mal. Apre tou, yo pran yo pa fòs pa entèlijans yon nonm ki pi entèlijan pase yo. Ou wè? Epi yo pran yo pas fòs epi mete yo nan kaptivite.

²² E m panse sou sa: dyab la fè sa. Li pran moun presye ki ta dwe pwomennen nan gran plas Bondye yo, ak chan yo, ak—ak bagay konsa, apres a mete l nan yon kay prizon kèk denominasyon, oswa kèk kredo, oswa on bagay, epi mare l anndan la a. E ala yon bagay terib sa ye.

²³ E m pa renmen zou. Men m santi on bagay tankou youn nan bèt sa yo, lè nou tout nan kaj epi jis ap eseye vin lib, nou konnen, pou—pou soti pou fè yon bagay.

²⁴ Kounye a, anvan nou apwoche Pawòl la, ann apwoche Otè Pawòl la, antan nou koube tèt nou kounye a nan priyè.

²⁵ Papa nou ki nan Syèl la k ap fè gras, nou asanble maten an ankò nan Non Seyè Jezi, presye Pitit Ou a. Bondye, enkane, ki te

vini sou latè, pou pwopisyasyon peche nou yo, epi ki te mouri, Jis la; konsa nou, pa jistis Li, etan enjis, ka vin pafè nan Li. Nou vin ap konfese ke nou pa diy, Seyè. Pa gen anyen ki bon nan nou. E nou tout nan yon gwo kay prizon. Sa pa enpòtan nan ki kwen nou kanpe, nou tout toujou nan prizon. Youn pa ta ka ede lòt la. Men, Bondye, nan mizèrikòd enfini Li, te desann epi te louvri pòt prizon an, pou libere nou. Nou pa nan kaj ankò kounye a. Nou pa nan zou mond lan, men kounye a nou lib. Nou deyò.

²⁶ O, ala nou renmen Li epi adore Li! Kijan nou ka mache nan gran chan pwomès Li, epi wè yo manifeste devan nou! E avèk pwòp je nou, nou wè gran Bondye Etènite a deplwaye Tèt Li devan nou, epi fè Tèt Li reyèl, tankou Li te fè pou pwofèt ansyen tan yo. Konnen sa, ke yo repoze ak yon asirans, ke yon jou n ap tounen restore ankò, apre vi sa a fini, nan rezirèksyon an, nan yon Lavi Etènèl ki p ap janm fennen. Kò nou yo p ap janm vyeyi. E nou p ap janm mouri. E nou p ap janm grangou. E nou p ap janm gen yon bezwen. Men nou va mache avè L. Nou vle tandè L di: “Antre nan lajwa Seyè a, ki te prepare pou nou depi fondasyon mond lan.” Depi anvan peche te antre, kijan Li te gen preparasyon an ki fèt, tankou pou Adan ak Èv, ke yo pa tap janm dwe malad oswa gen yon pwoblèm. E kounye a Li te prepare l pou nou, epi Li te konnen davans nou tap vini. Peche te fè gran blokaj la, e kounye a peche te retire, pa San Jezi a. Kounye a, nou anwout pou Tè pwomiz la, pa pwomès Bondye a, ki Etènèl.

²⁷ Beni nou kounye a, Papa, antan n ap etidye Pawòl Ou. Nou vle konnen ki kalite moun nou dwe ye, pou nou La a. Ede nou jodi a nan lekòl sa a, konsa nou te ka gen gran Mèt Anseyan an avè nou, Sentespri a, ki tap desann epi revele Tèt Li ban nou, pa Pawòl Li. Paske nou mande l nan Non Li e pou glwa Li. Amèn.

²⁸ Kounye a, anvan, m ta renmen pou nou vire avè m nan De Pyè, chapit 1 an. M vle li yon pòsyon nan Ekriti sa a, De Pyè, chapit 1 an. E kounye a pou nou ki gen plim ak pape nou. . .

²⁹ E m kwè yo te di m maten an ke—ke yon fwa, nan detounen tèt mwen sot la a, li diminye kalite bann lan. M vrèman pa vle fè sa. E m kwè, yon lè, si nou ta deside pou n gen yon—yon mikwo wèb, epi pandye l sou plafon an isi a, sa pa enpòtan kote w ta ye lè sa a, ou tap kòrèk, sa tap pafè, jis nan tout viwonn lan, jis yon mikwo anwo plafon an.

³⁰ E kounye a, menm lè pandan m ap pale a; e si nou, apre sèvis, oswa vle pou, ka desinen chema sa a isi a. Alò mwen genyen l tape tou isi a. M ap pran yon atach epi mete l sou devan an isi a, si nou ta renmen fè sa yon lè. Antre on tijan bonè apremidi a, konsa nou ta konprann.

³¹ Kounye a n ap pwoche *Sèt So Yo*. Nou fèk fini *Sèt Laj Legliz Yo*. E sa se yon Mesaj sou ansèyman, ki fè koneksyon ak lòm, ki pral rachte pa San Seyè Jezi a, epi ki pral nan laj Legliz sa a, laj Legliz Etènèl sa a nan fen So yo. Kounye a nou konnen ke

nou gen Sèt Twonpèt, Sèt Fleyo, Koup, e latriye, ke nou antre ladann, antan n ap avanse. Men n ap tann plis plas konsa moun yo ka chita.

³² Kounye a, e mwen te panse sa tap fè koneksyon jis kote mwen te espere a. M pat espere desine chema sa a, men lòt jou a mwen te avèk kèk presye zanmi pa m, Coxes, laba nan Kentucky. Mwen t ale laba, m te panse petèt pran yon jou an plis nan lachas ekirèy anvan sezon an fèmen. Epi mwen te anwo nan rakbwa yo ak zanmi m, Charlie, ki kanpe la a, ak Rodney, frè li. M pat menm wè yon ekirèy. M panse mwen te fè yo tout pè e yo te pati, lè mwen te rive ap rele byen fò la a nan rakbwa yo. Se sa ki vin jwenn mwen, ti mesye, ak—ak Sè Nellie ak Margie, epi lè mwen te di nou mwen tap di nou dimanch lè mwen rive nan li. Se sa ki vin jwenn mwen, sou yon mesaj mwen ta pral pale sou li. E kijan rès la te konekte dwat nan li! Epi, o, mwen renmen sa. M te gen yon—yon vrè—vrè lespri rele fò, anwo la a nan rakbwa yo.

³³ Kidonk kounye a, annou li kounye a, En Pyè, oswa . . . De Pyè, pito, chapit 1 an, pòsyon nan Li.

Mwen menm, Simon Pyè, sèvitè ak apòt Jezikri, a sila yo ki te resevwa tankou yon lafwa presye avè nou nan jistis Bondye ak Sovè nou Jezikri.

³⁴ M renmen fason sa deklare la menm, paske tout sijè mwen maten an baze sou lafwa. Ou wè? Kite m li sa ankò. Koute byen.

Mwen menm, Simon Pyè, sèvitè ak apòt Jezikri, a sila yo ki resevwa—te resevwa tankou yon lafwa presye . . . nan jistis Bondye . . . Sovè nou ak Jezikri.

³⁵ Remake, l ap di, ke: “M te resevwa lafwa sa a, e m ap adrese sa bay sila yo ki te resevwa menm lafwa presye a.” M vle . . . Se pa pou mond ki deyò a. Sa se pou Legliz la, ou wè, sila yo ki nan Kris.

M ap mande Bondye pou nou resevwa anpil gras ak kè poze, nan konesans Bondye ak (nan) Jezikri, Seyè nou an, nou genyen.

Pouvwa Bondye a ban nou tou sa . . . Pouvwa Bondye a kounye a ban nou tou sa nou bezwen pou nou ka viv, . . . devosyon diven. Li fè nou konnen moun ki te rele nou an, nan glwa ak vèti.

Se konsa, nou Bondye bay . . . ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou ke nan sa yo (pwomès sa yo) nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a, . . .

³⁶ Kounye a kite sa antre vrèman fon kounye a. M p ap preche maten an; n ap jis anseye leson sa a. “Nati Diven.” Kite m li vèsè 4 sa a ankò kounye a, konsa nou p ap rate l. “Se pa li yo ban nou . . .”

Se konsa, Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou ke nan sa yo (pwomès sa yo) nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a, pou nou kapab chape anba koripsyon ki nan lemonn, akòz move lanvi ki nan kè moun.

37 Ou wè: “lemonn,” nou chape anba sa kounye a. L ap adrese sa a Legliz la. Se pou sa nou isi a maten an, se pou dekouvri kisa ki chimen an, kisa ki egzijans Bondye. Pa gen yon moun isi a, ki renmen Bondye, ki pa ta vle pou—vle pou vin plis tankou Kris. Kounye a sa poze isi a. Chak Kreyen! M se yon vye veteran. Gade Frè ak Sè Kidd isi a, yo petèt pi granmoun nan bilding lan. Men si m ta mande yo: “Kisa ki dezi kè nou?” Se t ap: “Pi pre Bondye.” Lè nou aprann sou Kris, gen yon bagay sou Li ki sitèlman gen renmen, nou jis eseye antre dwat nan Li.

38 Eskize ekspresyon sa a. M te di madanm mwen, isi a sa pa fè lontan, li . . . toude ap vin granmoun, epi m te di l, m te di: “Èske w renmen m tankou w te konn fè l anvan?”

Li di: “Sètènman mwen renmen w.”

39 Epi m te di: “Ou konnen, m tèlman renmen w anpil jouk m ta renmen pran w epi rale w anndan mwen, konsa nou te ka jis la a, vrèman, vin yon sèl, plis.”

40 Kounye a, sa, multipliye sa pa san milyon, epi n ap dekouvri kijan ke kwayan an, ki tonbe damou ak Kris, vle antre nan Li, paske se yon lanmou. E men L pral montre nou kijan ke, atravè pwomès sa yo, nou te ka patisipan de nati Diven Kris. Sa yo, kò mòtèl, kijan nou ka patisipan.

41 M ta ka di on bagay isi a. Rezon mwen kwè a . . . Kounye a yon moun te twonpe l sou mwen nèt, isi a sa pa fè lontan. M te jwenn yon lèt nan men asosiyasyon ministeryèl la, ki te di ke m te kwè ke te gen . . . “Nou te amsè. E nou dwe kite konpayon nou yo si nou pa amsè avè yo, pou marye ak yon lòt ke nou te amsè avè l.” O la la!

42 M te di: “M pa koupab de yon erezi konsa.” M te toujou kont sa. M—m pa kwè nan sa. Sètènman non. M kwè ke Bondye ban nou yon konpayon. Se vre. Epi apre nou vin fè pati de youn ak lòt. Se vre. E anvan yon nonm vin marye, li ta dwe reflechi sou bagay sa yo, etidye li.

43 Yon jennòm te mande m lòt jou, li te di: “Ou panse m te ka, ta dwe marye, Frè Branham, avèk tèl tèl fi?”

M te di: “Nan ki pwen ou panse avè l?”

Li te di: “O la la, m jis renmen l.”

M te di: “Ebyen, si w pa ka viv san li, pito w marye avè l alò. Men si w ka viv san li, pito w pa fè l. Kidonk, men si sa pral touye w, pito w—pito w ale pou pi devan epi marye,” m te di. E kidonk kisa m t ap eseye fè l konprann, se, ke, si w renmen l anpil konsa!

44 Bon, kounye a menm, anvan ou marye, tout bagay jis byen epi trè bèl. Men apre w fin marye, lè sa a konba ak eprèv lavi yo konmanse. Se lè sa a ke nou dwe tèlman damou ke nou konprann youn lòt. Lè ou pran desepsyon nan li, li pran desepsyon nan ou, nou toujou konprann youn lòt.

45 Se fason sa a li ye ak Kris. Ou wè? Nou dwe pou n tèlman damou avè L, jouk lè nou mande yon bagay, epi Li pa ban nou l, sa pa sekwe nou on ti kras. Ou wè? Ou wè? Poukisa? E sèl fason nou ka fè sa, se vin patisipan de nati Diven Li, lè sa a n ap konprann rezon Li pa ka ban nou li. “Patisipan de nati Diven Li.”

46 E gade isi a: “Antan nou chape anba koripsyon ki nan mond lan atravè lanvi.” Nou chape anba l! Ou wè pou kimoun li ye? Se pou Legliz la, sila yo ki nan Kris, ki te leve pi wo bagay sa yo. Pa li te leve tèt li, men Kris te fè l monte.

47 Pou frè m ak sè nwa mwen yo ki prezan maten an, m pa vle di sa pou fè okenn mal. Men, nou te nan yon reyinyon sa fè kèk tan, m pa konn si m te janm di sa nan tabènak la. M te rakonte sa plizyè kote. Te gen yon sè nwa ki te di: “Èske m ka gen yon temwayaj, oswa temwaye?”

“Sètènman, sè, ou mèt ale la menm.”

48 Li te di: “M vle fè temwayaj sa a pou glwa Bondye.” Li te di: “Ou konnen, m—m pa sa m ta dwe ye a,” epi l te di: “M—m pa sa m ta vle ye a, men,” li te di, “yon sèl bagay ki sèten, m pa sa m te konn ye a.” Ou wè? Li te soti yon kote. Yo te fè l monte.

49 Se konsa nou konnen nou pase de lanmò a Lavi. Nou gade dèyè nan twou kote nou te soti a. Ou wè? Nou pa sa nou vle ye a; nou pa menm sa nou ta dwe ye a; men yon sèl bagay nou rekonesan pou li, nou pa sa nou te konn ye a. Se vre. Nou sou wout la.

50 “E nou chape anba koripsyon mond lan.” Nou chape anba sa, lanvi ak koripsyon mond lan, nou pi wo pase sa. Kounye a se—kounye a se jan de moun ke L ap pale avè l la, moun ki te chape anba bagay sa yo, ou wè, koripsyon mond lan.

Men, apa de sa, nan mete tout dilijans, apa lafwa se pou nou gen vèti. Apa vèti, se pou nou gen konesans.

Apa konesans lan, se pou nou gen tanperans; . . . apa tanperans lan, se pou nou gen pasyans. Apa pasyans lan, se pou nou gen pyete;

Apa pyete a, se pou nou gen lanmou fratènèl. Apa lanmou fratènèl la, se pou nou gen lacharite.

51 Kounye a Li ban nou apèsi isi a kisa pou fè, konn kijan pou fè li. Kounye a, jan m te di a, nou tout ap eseye vin pi pre Bondye. Se pou sa m te chwazi mesaj sa a maten an, pou legliz la, nan konnen ke moun yo ap vwayaje. Pou yè swa, m te di: “Konbyen moun isi a, ki soti andeyò vil la?” Apeprè

katrevendizuit pousan nan moun yo, soti andeyò vil la. “Konbyen moun isi a ki soti a sansenkant kilomèt?” Enben, li te depase, m sipoze, katreven pousan. “Konbyen moun isi a ki soti depase sètsansenkant kilomèt?” E prèske yon—yon tyè nan moun yo te isi a soti depase san, sètsansenkant kilomèt distans. Panse a sa, de moun yo ki vwayaje. Ebyen, moun sa yo pa vin legliz konsa jis pou yo wè yo. Pa gen . . . tankou sa mond sou deyò a t ap wè yon bote bò plas sa a. Yo tout se moun òdinè, pòv, ki abiye òdinè. Pa gen gran im ki soti nan kèk koral ki pretann li Anjelik, òg ak tiyo, ak kèk fenèt vitray. Se nan redi pou w jwenn yon plas sou on ban epi kanpe bò yon miray. Yo pa vini pou bagay konsa. Men yo vini paske anndan yo gen yon bagay ki wè yon bote ke je natirèl la pa wè. Se yon je espiritiyèl ki sezi bote Kris la. Se pou sa yo vini.

⁵² Kidonk, pandan plizyè jou anvan nou gen sèvis la, m priye san rete. M al nan rakbwa yo, mwen pran nan pòch mwen . . . Mwen di madanm mwen: “M pral soti al chase ekirèy maten an.” Epi m mete yon kreyon ak yon kalpen nan pòch mwen. Osito gen limyè ase pou wè, mwen chita apiye sou on pyebwa on kote, men m yo anlè, epi m ap di: “Seyè, kisa m ka fè jodi a? Kisa W ap ban mwen pou pitit Ou yo?”

⁵³ Apre sa lè m frape on bagay ki sanble li t ap boule, on bagay konsa vini. Lè Prezans Li vin toupre, m kòmanse tandè on bagay tankou byen lwen nan on distans, on bagay nan lòd sa a. “De fwa de egal kat.” Pi pre: “De fwa de egal kat. De fwa de egal kat. De fwa de egal kat.” Elatriye, elatriye, elatriye, konsa. Se Prezans Li k ap antre.

⁵⁴ Abandone tèt ou, epi apre on moman ou detache w de oumenm. Men vizyon an vini: “Ale nan tèt tèt kote, epi tèt tèt bagay.” Ou wè? Sa kòmanse, nan medite nan panse w sou Bondye, andeyò mond lan, lwen mond lan, sèl nan yon plas dezè, pou tèt ou.

⁵⁵ E pi Li kòmanse ap vini: “Youn, youn . . .” M di, nenpòt chif, oswa nenpòt bagay, jis on bagay kòmanse gradyèlman, ap antre tou fèb. Apre sa li vin pi vit, pi vit. Ou chita la a epi w leve men w anlè, pa di yon mo, jis kenbe men w anlè. Premye bagay ou konnen, tout èt ou transpòte byen lwen. Apre sa ou wè bagay ke Li vle w konnen, L ap montre w bagay ki dwe vini.

⁵⁶ Pafwa sa rive nan on pwen, jouk yon sèten pwen, epi apre sa kanpe. Li pa ale nan yon vizyon. Apre sa Lèzekriti jis koule ansanm. M pran kreyon mwen, konsa m p ap bliye l, epi m ekri l, ekri l.

⁵⁷ Epi m vin lakay epi gade l, epi etidye l. E pafwa li pa menm fè sans pou mwen lè m ap gade l. Epi, apre on moman, men li! Sa frape, epi li kòmanse ankò. Apre sa m pran on ti liv *konsa*, epi m jis kòmanse ap desinen, jis otan ke m kapab, sa Li di mwen. M te panse: “Seyè, m pral desann nan tabènak la epi di

yo. Mwen . . . ‘Desann.’ M gen on bagay pou yo.” Ebyen, se konsa li vini. Se egzakteman sa. Jiskaske, an premye, Li ban mwen li, m pa ka bay li.

⁵⁸ Kidonk, alò, ti desen sa yo ke nou wè m ap gade a. E sa a, an premye, m te kòmanse, m pat konprann pati sa a isi a jouk jis apeprè youn ou de jou de sa, nan rakbwa yo.

⁵⁹ Kounye a, moun sa yo se—se . . . Pyè ap di, isi a, kijan ke nou dwe patisipan de nati Diven Li. Kounye a, chak grenn nan nou ap eseye grandi nan grandè Bondye a.

⁶⁰ Kounye a, apre nou fini ak Sèt So yo, alò, nan tan Setyèm So a ap sonnen, oswa brize . . . Natirèlman, nou konn kisa yon so ye, se pou lage yon ministè, brize Sèt So yo. E n ap wè sa jis sou tablo a. Sa lage yon Mesaj, yon bagay ki sele.

⁶¹ Dimanch pase nan aswè, m te preche sou “Kle A.” E kle a se lafwa. Lafwa kenbe kle a, e kle a se Lekriti. E Kris se Pòt la. Ou wè? Kidonk lafwa pran ti gon ki nan Lekriti a epi debloke glwa yo ak byen Bondye, pou pèp Li. Ou wè? Kidonk, se, lafwa kenbe kle a ki debloke Kris bay moun yo; debloke li, revele li.

⁶² Kidonk, jodi a, nou pral eseye pran menm kle sa a, pou debloke fason pou vin yon Kretyen vètye nan grandè Bondye a, ke, e pou n se yon Tabènak vivan pou Bondye vivan an abite ladann.

⁶³ Sonje, Bondye revele Tèt Li nan twa fason. Premye fwa, Li te revele Tèt Li nan yon Kolòn Dife, ki te rele Patènite a. Apre sa menm Bondye sa a, te manifeste nan Jezikri, ke Li te bati yon kò, te fè kò sa a. Twazyèmman, atravè lanmò kò sa a, Li te sanktifye yon Legliz ke Li ka abite ladann. Se te Bondye anwo nou; Bondye avè nou; Bondye nan nou; menm Bondye a.

⁶⁴ Se pou rezon sa a sa te rele Papa, Pitit, Sentespri. Pa twa Bondye; twa fonksyon de yon sèl Bondye. Si yo te sèlman panse a sa nan Konsèy Nise a, nou pa t ap nan tout dezòd sa, pa vre? Se vre. Pa twa bondye. Moun yo pat ka konprann kijan Jezi te pale ak Papa a, epi Li ak Papa a se Yon Sèl. Ebyen, men tout bagay la la a. Sèten, sa jis devwale li. Sètènman. Ou wè? Se pa twa Bondye. Twa fonksyon! Twa ma- . . .

⁶⁵ Kisa l ye? Bondye k ap desann al jwenn kreyasyon Li. Bondye vle pou yo adore L. Mo *Bondye* a vle di “objè adorasyon.” E se Bondye k ap eseye kondisyonè pèp Li, konsa Li ka jwenn nan yo bagay poutèt Li te kreye yo a. Li pat janm fè nou pou nou on lòt bagay apa yon pitit gason ak pitit fi Bondye. Si nou rate sa, pou nou yon pitit gason ak pitit fi Bondye, nou rate objektif la.

⁶⁶ E “rate,” mo *p-e-c-h-e* a vle di “rate objektif la,” rate objektif la. Alò, si m ap tire sou on sib, m ap dirije yon pwent zam a senkant mèt, epi m tire; si m pran zam mwen epi m tire, epi m rate l, kat ou senk pous, kisa k rive? Zam mwen bezwen regle. Gen on bagay ki pa bon. E si m rate lafwa nan Bondye, si m rate

pou m on Kreyten . . . Bondye mete w isi a pou vin on Kreyten. Si w pati sou on bò, tounen epi vin regle. Epi gen yon sèl bagay ki ka regle w, se Lekriti. Sentespri a nan Lekriti a, regle ou, mennen w dirèkteman sou sib lan ankò. Se vre.

67 Kounye a, nou pral etidye Pawòl Li. Etyèn te di, nan Ak 7, epi tou nan . . . Ann jis li sa. (N ap pale kounye a, n ap pale de yon Tabènak Bondye.) Kounye a, Etyèn te di . . . (Etan, sa pral vin yon Tabènak vivan pou Bondye vivan an.) Etyèn te di, nan Ak chapit 7 la, epi m kwè nou . . . nan Ak 7, kòmanse apre nan vèsè 44 la:

Nan gwo dezè a zansèt nou yo te gen yon tant kote yo te fèmen de wòch plat lalwa yo. Yo te fè l jan Bondye te mande Moyiz pou l fè l la, dapre modèl Li te moutre Moyiz la.

Ke grandèt nou yo tou te genyen, bay grandèt nou yo ki te vin apre. Grandèt nou yo menm te pote l . . . Jozye t ap mennen yo pou yo pran peyi a nan men Moun lòt Nasyon yo, ke Bondye t ap chase met deyò devan yo. Tant la rete la jouk nan jou David.

David te jwenn favè Bondye, li te mande L pèmisyon pou l te fè yon tabènak pou Bondye Jakòb la.

Men se Salomon ki te bati kay la pou Li.

Men Bondye ki anwo nan syèl la pa rete nan tanp moun bati ak men yo. Men sa pwofèt la di:

Syèl la se fòtèy kote m chita a. Se Bondye ki di sa. Tè a se yon ti ban pou m lonje pye mwen. Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen? Ki kote nou ta ka ban mwen pou m poze kò m?

68 Kounye a nan . . . Kounye a, “tabènak,” se, byensi, yon plas kote nou ale pou repoze, kounye a, pran frechè, e latriye, tankou repoze nan dòmi, oswa latriye. Kounye a, Ebre 10, ak vèsè 5 lan, Pòl pote li.

Se poutèt sa, lè Kris la tapral vin sou latè, li di Bondye: Ofrann bèt . . . (Se Kris.) . . . Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen. Men, ou ban m yon kò.

69 Kisa ki Tabènak la kounye a? Yon Kò, Bondye ap tabènakle nan yon Kò.

70 Bondye yon fwa, anwo a, lè Li desann sou mòn lan, menm si yon—yon towò oswa yon vach te touche mòn lan, yo te dwe touye l. Bondye sen.

71 Yè swa, lè Zanj sa yo te kouvri figi Yo. Sen Serafen ak figi sen, pa menm konnen kisa peche vle di, epi Yo dwe kouvri figi Yo, nan Prezans Bondye; kouvri pye Yo, nan imilite.

⁷² Kounye a, Bondye sen an pat ka sitire peche, kidonk anyen pat ka touche mòn kote Bondye te ye a.

⁷³ Alò Bondye te fèt chè epi te abite nan mitan nou, nan fòm Jezikri, Pitit Li, kreyasyon Li. Apre sa Pitit sa a te bay lavi Li, epi selil San Bondye te brize, konsa Lavi a te ka soti nan San an, pou nou.

⁷⁴ Atravè San sa a nou netwaye. E kounye a san nou, lavi nou, ki te vini pa viv atravè dezi seksyèl, te mennen lavi nou nan mond lan. San Jezikri a netwaye nou, chanje nati nou, nan voye sou nou Sentespri a; apre sa nou vin nan nati Diven Bondye a, apre sa nou vin yon plas pou Bondye abite. Jezi te di: “Nan jou sa a n ap konnen ke Mwen nan Papa a, epi Papa a nan Mwen; Mwen nan nou, e nou nan Mwen.” Ou wè?

⁷⁵ N a konnen kijan ke Bondye nan Legliz Li. Legliz la kounye a sipoze ap pran plas Kris la, ap kontinye ministè Li. “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou. Poutan yon ti moman, epi mond lan p ap wè M ankò; poutan nou va wè Mwen, paske M ap avè nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan.” Ou wè? Men li, ap kontinye zèv Li.

⁷⁶ Kounye a, Bondye, oswa Bib la te di isi a, ke. Etyèn te pale de Salomon k ap bati yon tanp: “E Sila Ki Pi Wo a pa abite nan tanp ki fèt ak men moun. ‘Paske Syèl la se Twòn Mwen, e latè se ti ban pou poze pye M. E kote plas repo Mwen?’ ‘Men Ou te prepare yon Kò pou Mwen.’” Amèn. Apa nou.

⁷⁷ “Ou te prepare yon Kò pou Mwen.” Bondye abite nan grandè yon nonm, ap bay reflè Tèt Li nan Èt sa a. Adorasyon pafè! Bondye nan nou, antan ke Tabènak Li, Bondye k ap manifeste. O, kijan nou te ka rete sou sa jouk nou ta prèske toufe anndan isi a, nan chalè. Remake, ke, Bondye te toujou, tout tan, bay reflè Tèt Li nan lòm.

⁷⁸ Se te Bondye nan Moyiz. Gade li, ki te fèt yon lidè; Kris. Nan tan li te fèt la te gen yon pèsekisyon timoun, yo t ap eseye jwenn li; menm jan sa te ye ak Kris. E li te—li te delivre nan tan sa a; konsa Kris te ye. Li te yon lejislatè; konsa Kris te ye. Moyiz te monte, karant jou, epi te jwenn kòmandman yo, epi li te redesann. Kris te ale nan dezè a, karant jou, epi tounen, ap di: “Nou te tande yo te pale a sila yo nan ansyen tan an: ‘Ou pa dwe komèt adiltè.’ Men, Mwen di nou, kèlkeswa moun ki gade yon fanm, pou l anvi li, li komèt adiltè avè l deja.” Ou wè? Tout bagay diferan sa yo, ke, Bondye ap bay reflè Tèt Li.

⁷⁹ Gade Joseph, ki fèt yon ti gason espiritiyèl nan mitan yon—yon gwoup frè. Yo tout te bon gason, tout patriyach sa yo. Men, lè Joseph vini, li te diferan. Li te ka wè vizyon, entèprete rèv, epi frè l yo te rayi l poutèt sa. Poutèt zèv lan menm ke Bondye te mete l sou latè pou l fè, frè l yo te rayi l pou sa. Ou wè? E tout t ap pwente sou kwa a. Epi, gade, frè l yo te vann li pou prèske trant pyès lajan. Frè l yo te voye l jete nan yon twou, pou

l mouri. Yo te retire l soti nan twou sa a, epi li t ale epi chita bò men dwat Farawon. Epi okenn nonm pat ka vin jwenn Farawon, ki te kontwole mond lan nan jou sa a, pèsòn pat ka vin jwenn Farawon, sèlman atravè Joseph. Okenn nonm pa ka vin jwenn Bondye, sèlman atravè Kris. E lè Joseph te kite palè a, anvan l te pati, te gen yon twonpèt ki te sonnen, epi mesajè kouri devan l, rele: “Plwaye jenou nou! Joseph ap vini!” Sa pa enpòtan kote ou te ye a, oswa kisa ou t ap fè, kijan djòb ou te enpòtan; ou te dwe tonbe sou jenou ou jiskaske Joseph te rive la a.

⁸⁰ E lè Twonpèt la sonnen, youn nan jou sa yo, tout jenou va flechi epi tout lang va konfese. Lè Kris, Joseph nou an, va kite Laglwa epi vini, travay ou p ap enpòtan lè sa a. Tout jenou va flechi, epi konfese Li se Pitit Bondye a. Se vre.

⁸¹ O, ala nou wè Li nan David! Kijan David, yon wa rejte, te chase de pwòp twòn li, pa frè l yo, pwòp pitit gason l, te chita sou Mòn Olivye yo, antan l te monte, tèt Mòn Olivye yo, li te gade dèyè sou Jerizalèm epi li te kriye; paske la a pwòp pèp li, ke li te sèvi yo epi te anseye Bondye ba yo, epi pwòp pèp li, te repouse l epi te voye bagay sou li, te krache sou li epi te pase l nan rizib, lè li te kòmanse monte kolin lan epi yo te rejte l. O, ala sa reprezante pafètman Pitit Bondye a, uitsan lane pita; yon Wa rejte, nan mitan Pwòp pèp Li, ki te chita sou mòn lan epi te kriye sou Jerizalèm, antanke yon Wa rejte.

⁸² Kisa l te ye? Bondye k ap bay reflè Tèt Li nan pwofèt sa yo, k ap bay reflè Kris.

⁸³ Alò men Sila a te vini ki te pèfeksyon Bondye a. Se te Bondye nan mitan nou.

⁸⁴ E depi tan sa a, Li te bay reflè Tèt Li nan Legliz Li, bò sa a nan Kalvè a. Kidonk, nou wè, nou tout ap eseye rive nan plas pou abite sa a, Tabènak Bondye vivan an. Kounye a gen kèk moun . . .

⁸⁵ Nou remake isi a, li te di: “An premye nou gen lafwa, vèti, konesans, tanperans, pasyans, bonte oswa pyete, ak lanmou fratènèl.” Trè byen. Jantiyès fratènèl, epi apre ajoute lanmou. Kite m li sa, tout, ankò, konsa nou sèten nou konprann li kounye a. Kounye a nou pral kòmanse nan vèsè 5 lan.

Men, apa sa a, fè tou sa nou kapab, apa lafwa a se pou nou gen vèti. Apa vèti, se pou nou gen konesans.

Apa konesans lan, se pou nou gen tanperans. Apa tanperans lan, se pou nou gen pasyans. Apa pasyans lan, se pou nou gen pyete.

Apa pyete a, se pou nou gen lanmou fratènèl. Apa lanmou fratènèl, se pou nou gen lacharite, ki se lanmou.

. . . Si nou gen tout bagay sa yo nan nou, si nou devlope yo nan nou, nou p ap rete bra kwaze. Oswa se p ap pou gremesi nou konnen ki moun Jezikri, Seyè nou an, ye.

86 Kounye a, Pyè ap trase on bagay isi a pou nou, se konsa pou rive la a.

87 Kounye a m vle di sa, ke, gen kèk moun ki gen yon pòsyon nan vèti sa a, kònesans, sajès, pasyans, e latriye, ki pa menm deklare yo se Kreyen. Kounye a nou jis . . . n ap anseye lekòl dimanch. E se vre. Gen kèk moun ki gen yon pòsyon nan sa, ki pa menm pretann yo se Kreyen. Men sa pa . . . Sa p ap sifi. Se tankou yon zwazo nwa k ap eseye mete plim pan nan zèl li, pou fè l yon pan. Li sèlman fè tèt li wont. Pito l rete yon zwazo nwa. Ou wè? Lè li eseye egzèse bagay sa yo san l pa yon Kreyen, li jis tou senpleman pa nan plas li.

88 Se tankou yon pye sikomò k ap eseye fabrike pòm. Li pa ta ka fè l, ou wè, menm si se yon pyebwa. Men li pa ka fabrike pòm.

89 Se tankou yon milèt k ap eseye fabrike lenn, ap eseye pou l yon mouton lè l se yon lenn, oswa, li se yon milèt. Ou wè, li pa ka fabrike lenn. Li pa ka fè l. Lenn se yon don pou yon mouton, pa pou yon milèt. Li te ka eseye aji tankou yon mouton, men li toujou yon milèt. Ou wè? Kidonk, li di: “Ebyen, m ka manje tankou yon mouton. M ka fè sa tankou yon mouton.” E sa pa enpòtan kisa w ka fè, ou dwe yon mouton pou gen lenn.

90 E kite m kanpe isi a yon minit. Mouton an pa fabrike lenn. Li gen lenn paske li se yon mouton. Anpil moun ap eseye di: “Ebyen, m ap eseye vin bon. M ap eseye fè sa.” Pa fabrike anyen. Non, nou pa ka fè l. Yon mouton pa, yo pa mande l, yo pa atann pou l fabrike lenn. Li pote lenn, e li fè l paske se yon mouton.

91 E lè ou se yon Kreyen, ou jis pote fwi Lespri a. Ou pa—ou pa fabrike l. Ou pa eseye pwodwi l. Ou eseye . . . Pa fè tèt ou on bagay ke w pa ye. Ou jis vin sa w sipoze ye a, epi sa okipe tèt li. Èske nou te tande moun di: “Ebyen, m di nou. M se . . . M fè m manm legliz. M—m vrèman ta dwe sispann bay manti sa a”? W ap eseye fabrike on bagay ankò, kounye a. Ou pa ka fè l, kidonk ou pa bezwen eseye fè l, pa plis pase yon—pase yon—yon milèt ka fè tèt li gen lenn. Li pa ka fè l.

92 Oswa, yon votou ap eseye manje ak on kolonm, yon votou ap eseye—yon votou ap eseye vin yon kolonm. Ekse nou te ka imajine yon biz deyò la a, ki di: “Nou konnen, m se yon kolonm,” epi li mete kèk plim sou li, epi li di: “Ou wè, m sanble . . .” Ou wè? Li t ap jis san fòm nèt. Se yon—yon nonm kap pwofese li se yon bagay lè se pa sa l ye. Ou wè, nou pa ka fè l.

93 Ou pa ka di: “Kounye a gade, m sipoze gen vèti, kidonk m ap gen vèti. M sipoze viv nan pyete, kidonk m ap jis genyen l.” Ebyen, ou sèlman ap eseye plase plim. Menm si ou ka atenn yo, men ou pa ka mete plim yo sou move zwazo a. Ou wè? Li jis p ap mache. Epi li sèlman montre ki ipokrit zwazo sa a ye. Ou wè? Èske nou ta ka imajine yon vye biz k ap eseye gen kèk plim kolonm, ki di: “Gad isi a, ou wè, m se yon kolonm”? Ou wè? Ebyen, nou tout

konnen li se yon biz. Ou wè? Ou wè? Se tou. Nou ka di ke l se yon biz.

⁹⁴ Ebyen, bon se konsa sa ye, lè n ap eseye fabrike Kreyèn. Nou pa ka fè l. Premye bagay nou dwe fè, se pou nou ne de nouvo. Nou dwe chanje. Ou wè? E lè nou chanje, nou vin yon nouvo kreyasyon. Kounye a n ap vin dwat, kounye a. Ou wè? Kounye a nou pa bezwen enkyete pou plim yo, l ap okipe tèt li, lè—lè nou ne de nouvo. Wi, mesye.

⁹⁵ Tankou m te toujou di. Ou pran yon—yon kochon, foubi li epi mete yon kostim tokselè sou li, oswa kostim toksedo, pito, sou li, epi lage l; li pral dwat nan yon twou labou epi woule. Paske, ou wè, li pa t ap fè okenn byen. Li se yon kochon. Se nati li. Woule nan labou se nati li. Ou dwe chanje nati li, epi (li) rès la ap okipe tèt li.

⁹⁶ Kounye a, remake. Nou dwe ne de nouvo, sa se, chanje. Dwe gen yon chanjman.

⁹⁷ Ou di: “Ebyen, Frè Branham, mwen konn sèten fanm sa a bò isi a, ebyen, li pat janm fè anyen ki mal. Li se yon bon fanm. Oswa, *tèl tèl* nonm sa a, li se yon bon nonm. Li pa janm fè anyen. Ou konnen li pa janm fè pèsòn mal.” Sa pa vle di anyen ditou. Li ta ka fè yon bon vwazen, men li pa yon Kreyen jiskaske li ne de nouvo.

⁹⁸ Jezi te di: “Sòf si yon nonm ne de nouvo,” Sen Jan 3, se ke “li pa ka menm wè Wayòm lan.” Bon, sa vle di, *wè*, li vle di “konprann.”

⁹⁹ Ou gade nenpòt bagay, ou di: “M jis pa wè l.” Ou vle di ou pa konprann li.

¹⁰⁰ Yon nonm pa ka konprann poukisa moun yo rele. Yon nonm pa ka konprann poukisa lang yon èt imen ta chanje epi l ta pale an lang. Nonm natirèl la pa ka wè kòman glwa Bondye ta vin sou je yon nonm, epi l ta wè vizyon epi pale ak yon nonm de sèten bagay, ak kisa pou l fè; di yo bagay ki pral rive, epi ranje bagay pou yo rive, tankou Seyè a te fè pou nou isi a yè swa, menm. Ou wè? Ou wè? Lespri natirèl la—la eseye chache konprann. “Ebyen, kisa l te fè? Oswa, ki kalite riz l ap itilize? Ki gam li genyen?” Pou wè yon nonm ap pale an lang, yo t ap di. . . epi yon moun entèprete epi di jis egzakteman a yon sèten manm nan Kò a kisa yo te fè, epi kisa yo pa ta dwe fè. Ou wè? Ou wè? Yo panse se kèk kalite riz. “Gen yon bagay ki ranje ant yo.”

¹⁰¹ Yo pa ka konprann li jiskaske nonm sa a ne de nouvo. Apre sa lè li ne de nouvo, alò li pare pou kominyon, paske li se yon nouvo kreyasyon. Ansyen karaktè sispèk, k ap doute sa ke l te ye a, mouri. Kounye a, li se yon nouvo kreyasyon. Kidonk, nou wè, li pa gen pou ajoute anyen nan pa l la, kounye a, paske l ap ajoute otomatikman.

¹⁰² Remake, nou dwe ne de nouvo. E lè nou ne de nouvo, nou pa ka ne de nouvo san nou pa gen lafwa. Se vre. Kidonk, nou wè, sou tablo m lan isi a, m gen fondasyon an menm, lafwa se fondasyon an pou tout sa. “Paske san lafwa li enposib pou fè Bondye plezi. Sila ki vin jwenn Bondye dwe kwè ke Li se, e Youn Ki Rekonpanse sila yo ki chache L ak dilijans.” Ou wè? Li dwe sa. E lè ou se youn ki doute de Bib la, lè nou doute de Pawòl la ki vre, nou jis te ka otan rete dèyè jiskaske nou kwè l an premye.

¹⁰³ Kisa peche ye? Enkredilite. Gen sèlman de eleman ki kontwole èt imen an. Se swa dout oswa lafwa, youn ou lòt. Ou posede ak youn ki domine lavi w. Wotè ou ka leve jis depann de kantite lafwa ou genyen.

¹⁰⁴ Men, an premye, sa dwe lafwa. Kite m rete sou fondasyon sa a pou on moman. Kounye a, lafwa se sa nou dwe kwè. Lafwa se sa . . . “Lafwa se sibstans bagay ke yo espere.” Se, nou deja genyen lè nou gen lafwa, paske li revele nan lafwa. “Lafwa se sibstans bagay ke yo espere,” Ebre 11, ou wè: “prèv la.” Kisa l ye? Ki kalite prèv? Yon prèv sen.

¹⁰⁵ Se poutèt sa, lè nou di: “Frè Branham, m kwè ke Bondye se yon Gerisè.” Ebyen, si ou kwè sa, epi asepte L kòm Gerisè w, epi pa bay manti, men an reyalite kwè ke pa maleng Li yo nou te geri, pa gen anyen ki pral detounen ou de li. Se on bagay ki regle. Kounye a nou te ka gen lespwa, jis kontinye sote sou *sesi* epi sote sou *sela*. Men lè nou gen lafwa, nou konnen l, paske li se prèv lan. Nou deja genyen l. M te . . .

¹⁰⁶ Konbyen moun, nenpòt moun, janm tande Oral Roberts maten an, lè li t ap preche maten an, Oral Roberts? Mwen—mwen te tande l di on bagay oswa yon lòt konsènan gen yon fwa, pou delivrans, nan priye priyè lafwa, pou devlivrans. Li te di: “Fè kontak nou nan manyen radyo, fè kontak nou nan manyen on bagay, pou . . .” Nonm lan tap fè sa, konsa sa t ap bay moun yo on bagay ke yo te ka mete men yo sou li. On bagay, nou di: “M genyen l kounye a, paske li te di m manyen radyo mwen. M genyen l.” Ou wè? Kounye a, se kòrèk. Men, kounye a, vrè lafwa otantik pa bezwen manyen anyen nan bagay sa a. Kounye a, m p ap kondane Frè Oral, pa ditou. L ap fè yon gran travay, epi se yon nonm devwe, epi m—m panse anpil sèten a Oral Roberts. Domaj nou pa gen plis nan yo.

¹⁰⁷ Men sa m ap eseye di, ke—ke, lafwa pa bezwen anyen. Ou wè? Lafwa kwè Pawòl Bondye. Paske lafwa vini pa “manyen”? Non. “Lafwa vini pa tande, epi tande Pawòl Bondye a.” Sa ankre li. Li la a. Ou wè? E lafwa, jan sa te di, pa gen okenn distans nan li. Lafwa se kounye a menm. Lafwa isi a. Kounye a tankou si gen yon moun . . .

¹⁰⁸ Ti bebe sa a, lòt jou a. Manman sa a ke Sè Kidd avè yo te pale de li, ki te gen ti bebe sa a ak trip yo deyò, san okenn ouvèti nan rektòm lan, pou pase manje a atravè li. Kounye a, dam sa a, nan

tande Sè Kidd avè yo ki temwaye, te kwè ke si li te ka antre an kontak, epi m priye pou bebe sa a. Kounye a, ou wè, Bondye ban nou moun. . .

¹⁰⁹ Kèk nan nou gen eksperyans ak Bondye, tèlman—tèlman reyèl ke Bondye vini jis tankou si ou te pral isi a, tankou, epi si ou te pral pale ak Frè Neville oswa on moun ke nou konnen. E pafwa nou mande moun sa yo priye pou nou. Se sa nou sipoze fè. Alò si nou gen lafwa ke nonm oswa fanm sa a, kèlkeswa moun k ap priye pou nou an, ap pale ak Bondye, alò lafwa nou kenbe fèm. Li sere. Li tabli.

¹¹⁰ Men ni. Women an te soti pou rankontre Jezi. Epi l te di: “M—m pa diy ke W ta vini anba tèt kay mwen. M—m pa. M—m pa diy. E m—m pat. . . m—m pa konsidere tèt mwen fason sa a. Men,” li te di: “pitit gason m lan trè malad. E Ou jis pwononse Pawòl la, ou wè, epi pitit gason m lan ap viv.”

¹¹¹ Kisa l te ye? Distans pat fè okenn diferans. Ou wè? Paske, Bondye omniprezan. Bondye omnipotan. E tout kote Bondye ye, omnipotans la a. E Bondye, etan omnipotan, sa fè Bondye toupatou, tout kote. Ou wè? Bondye jis gran an Almay, an Swis, epi anba an Afrik, nan minit sa a menm, menm jan Li ye isi a menm. O! Apa nou.

¹¹² Kidonk kounye a li te di: “M pa diy ke Ou ta vin anba tèt kay mwen. Jis pwononse Pawòl la.” Kisa l te ye? Se te lafwa Women sa a. Li te kwè l.

E Jezi te di: “Al fè wout ou. Pitit gason w lan ap viv.”

¹¹³ Epi l te pati, yon vwayaj de jou. Epi jou apre a, anvan li te rive lakay, li te rankontre kèk nan sèvitè l yo k ap vini. Epi yo te di: “Pitit ou a ap viv.”

¹¹⁴ Epi Women an te tèlman eksite, jiskaske li te di: “A ki lè nan jounen an li te kòmanse ap fè mye? Nan ki pati nan jounen an?”

Li te di: “Apre nan onzyèm èdtan an, li kòmanse vin miyò.”

¹¹⁵ Epi Women an te konnen ke se te lè a menm ke Jezi te di: “Pitit gason w lan ap viv,” epi li te kwè. Amèn.

¹¹⁶ Omnipotan, omniprezan, omnisyen, enfini, sa se Bondye. Kidonk, lè yo fè on apèl telefòn epi yo di: “Priye!” Kontak sa a! Epi lafwa w mennen Bondye. Se bagay ki mennen priyè a ak Bondye, ansanm, sou sèn lan. Priyè! Lafwa chanje sot *isi a al isi a*. Li mennen l ansanm.

¹¹⁷ “Pale Pawòl la. Tout sa m vle W fè se pwononse Pawòl la, epi tout bagay kòrèk.” Ou wè, Li pat gen pou L la a. “Jis di Pawòl la.” Poukisa? Bondye omniprezan. Li tou pwisan. Li jis pwisan anba mond lan menm jan Li ye sou tèt mond lan, oswa sou chak bò. Li se Bondye. “E sèl bagay Ou dwe fè se jis pwononse Pawòl la,” li te di.

118 E, kounye a, lafwa fè rè s la. Lafwa fè rè s la. Kidonk nou dwe gen lafwa kòm fondasyon. Tout Kretyènte, tout sa nou ye, tout sa n ap janm ye, baze sou lafwa nan Pawòl la. Se pou rezon sa a m kwè Pawòl la. Ou wè?

119 M pa ka mete lafwa m sou anyen lòt. Si m te dwe mete l sou legliz la, sou ki legliz m tap mete l: Katolik, Literyen, Metodis, Batis, Pannkotis? Sou ki kote m tap mete l? M pa konnen. Yo tout anbwouye ak tout lòt bagay, liy yo mele, ak tout lòt bagay.

120 Men lè m mete lafwa m nan Pawòl Li, li ankre. Pèsòn pa entèprete L. Men Li, ENSI DI SEYÈ A. Alò m kwè Sa. Men baz la.

121 Yon ti doktè debyen anba isi a nan vil la, yon zanmi mwen, Doktè Sam Adair. Nou te ti gason ansanm. Nou tout konn Sam. Epi l te di m, li te di: “Bill. . .” Apre vizyon sa a vini, m te di l kote l tap bati plas li a, kijan l tap sanble. Kounye a antre la a, mande l yon fwa si sa pa vre. De oswa twazan anvan sa te rive, m te di l ki kote l tap ye. M te di: “Ou prèske ap pran blòk kay sa a.” E pa gen anyen ke yon sèl bagay ant limenm ak sa a, e se plas reyadaptasyon sa a. Doktè Adair gen rè s la, ak famasi a. Se tou. Doktè Adair te ranpli sa jis egzakteman, vizyon sa a. Kote, yon plas ke l te di: “Yo pa ka menm touche l pandan venn senk an. Li nan tribinal.”

122 M te di: “Doktè, Seyè a ba ou l, poutèt imilite w.”

Li te di: “M pa bon.”

123 M te di: “Ou se yon tòti. Ou gen yon kokiy sou deyò, yon kwout kote w ap gade zanmi w yo, men anndan ou se yon bon nèg. Soti nan kokiy sa a.” M te di: “Bondye ba ou l.”

124 Li te di: “M pat janm doute de ou, Billy, men m pral dwe doute sa.”

M te di: “Ale nan biwo w.” E kidonk li te pati.

125 Nan demen maten, li te rele m, li te di: “M ap mouri ak fredri.”

126 M te di: “Ki pwoblèm ki genyen?” Se te nan zòn jiyè. M te di: “Ki pwoblèm, Dòk?”

127 Li Te di: “M deja achte plas la, Billy. Yo te gen yon reyinyon yè swa nan Boston, epi m deja achte plas la maten an.”

M te reponn: “M te di w.”

128 M te laba la lòt jou a, ap pale avè l, lè zam lan te eksploze nan figi m. Li te di: “M imajine m te pale sa ak mil moun ki vin isi a, konsa.” Kisa l ye? Bon, lè Bondye di nenpòt bagay, sa dwe rive.

129 Yè swa kèk zanmi te vin kote m. Yo te tande vizyon sa a ki te pale sou karibou a ki te gen kòn karannde pous yo, ak lous grizli ki gen koulè ajante. M pa konn konbyen moun ki vin nan kay sa a, ki vle wè sa. M te di: “Men tep pou mezire a. Al sou kòn lan.” Li te tande sa te di anvan l te rive. Ou wè? Poukisa? Lè Bondye di on bagay, sa dwe rive. Se rezon an, se fonde.

¹³⁰ Kounye a, *men* plan sali a. Epi si vizyon Li a te rive pafètman, egzakteman fason yo di yo fè a, epi legliz sa isi a konnen se vre, alò e Pawòl Li? Ou wè? Sa pi sèten pase vizyon an. Si vizyon an pat pale konfòm ak Pawòl la, alò vizyon an fo. Men se Pawòl la, dabò, paske Pawòl la se Bondye. Ou wè? Kidonk, Li omniprezan. Li te pale sa isi a, epi fè l rive nan Canada. Amèn. Ou wè, Li omniprezan. Trè byen.

¹³¹ Premyèman, ou dwe ne de nouvo. Epi lè ou ne de nouvo, ou gen lafwa; ou kwè Pawòl la. Jiskaske ou ne de nouvo, w ap diskite kont Li. Si ou jis gen tandans relijye, epi—epi ou gen yon—yon—yon ti konesans imen ke ou ta dwe fè byen, ou p ap janm kapab dakò sou Pawòl Bondye a. Ou p ap janm fè l. Ou dwe ne de nouvo. Epi, ne de nouvo, sa pwodwi lafwa. Trè byen. Alò, apre nou gen lafwa, sa *isi a* menm, l-a-f-w-a, lafwa, alò ou jis nan pozisyon pou grandi.

¹³² Kounye a, anpil moun monte sou lotèl la, epi priye, epi di: “Seyè, padone m.” Epi yon gran eksperyans sanktifikasyon vini sou yo, ak bagay konsa. Apre sa ou gen yon gran moman, monte sou lotèl la, ap rele. Ou tounen, di: “Beni Bondye, m genyen l.” Non, ou te fèk kòmanse nan yon plas kote ou ka grandi. Ou potko fè anyen. Ou wè? Sèl bagay ou te fè se te jis poze fondasyon an.

¹³³ Kounye a ou pral bati yon kay, epi ou koule fondasyon an, ou di: “Gason, m genyen l.” Ou wè? Ou gen fondasyon an pou bati kay la sou li. Kounye a ou dwe bati yon kay.

¹³⁴ Kounye a men ki kote bagay la prezante, maten an, nou pral pale sou sa kounye a. Trè byen. Yon kay, fondasyon sa a an premye. Kisa ki fondasyon Kreyète a? Lafwa nan Pawòl Bondye a. Sa se fondasyon w lan. Apre sa ou kòmanse grandi. Apre sa ou kòmanse, ou kòmanse ajoute sou fondasyon sa a.

¹³⁵ Kounye a, lè n ap bati yon kay, nou mete poto nou yo ak tout lòt bagay. Frè Wood, ak kèk nan chapantye sa yo ak kontraktè isi a te ka di nou kijan nou bati kay nou. Ou wè? Men m pral di nou kòman pou bati kay esprityèl nou, kote Bondye ka abite. Li vle abite nan ou. Li vle fè w tankou Limenm. Li vle pou w gen reflè L, bay reflè, pito, Èt Li.

¹³⁶ Nou konnen, nan ansyen tan an lè yo te konn fè lò, anvan yo te gen yon fondri pou pirifye l, yo te konn bat lò a, bat li pou retire salte yo, fè ak kwiv la ak lòt bagay, fè yo soti, epi jis kontinye ap bat, epi vire li ankò, epi bat li. Endyen yo fè sa kounye a, yo bat lò a, epi yo bat li. Nou konn kijan yo te ka di tout fè a te soti nan li, epi tout pousyè a ak lòt bagay, epi salte a te soti nan li? Lè sila ki tap bat la te ka wè pwòp reflè li, tankou yon miwa, nan li. Li te pwòp epi klè ase jouk li te bay reflè sila ki te bat la.

¹³⁷ Se fason sa a Bondye fè. Li pran lò ke L te jwenn nan tè a, epi L bat li, pa Sentespri a, vire li ankò, epi ankò, epi ankò, epi bat li jiskaske (Li resevwa) Li ka wè reflè Li. [Frè Branham te bat men l plizyè fwa—Editè a.]

138 Epi se sa nou sipoze fè, bay reflè Pitit Bondye a. E kounye a nou sipoze fè zèv Li. Li te di: “Sila ki kwè nan Mwen. . .” Sen Jan 14:7, “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” N ap kòmanse bay reflè zèv Kris yo.

139 Men tèlman anpil nan nou eseye fè zèv Kris yo anvan reflè Kris la nan nou. Kounye a men pwoblèm lan. Nou wè bagay sa yo kap rive. Nou konnen l. Mwen konnen l. Nou wè sa yo, ki bite sou wout la. Nou jwenn pil feray predikatè yo, Kreyen yo, ki anpile sou wout la, se paske yo pat antre ladan l kòrèkteman.

140 E se pou sa mwen isi a maten an, se pou eseye anseye ti legliz sa a, ak tèt pa m, kijan ke nou ka vin plas pou Bondye vivan an abite. Konbyen moun ki renmen pou yo sa? Plas pou Bondye vivan an abite!

141 Kounye a men kisa nou fè. Kisa ki premye bagay la? Gen lafwa epi ne de nouvo. Sa ap poze fondasyon an.

142 Apre sa, apre nou poze fondasyon an, dezyèmman nou ajoute sou fondasyon nou. “Ajoute nan lafwa nou,” Pyè te di isi a. Ajoute nan pa nou. . . Premyèman nou gen lafwa, apre sa nou ajoute vèti nan lafwa nou. Sa se kolòn ki swiv la. An premye, koule fondasyon nou, lafwa. Apre sa, nan lafwa nou, ajoute vèti.

143 Kounye a, se la a menm anpil nan nou tonbe atè. Wi, mesye. Wi. “Ajoute vèti nan lafwa nou.” Sa pa jis vle di viv yon vi vyèj, nou konnen, tankou fanm lan oswa yon gason, e latriye. Sa pa gen anyen pou wè ak sa.

144 Bib la te di, nou li bò isi a nan Liv Lik la, kote Li te di: “Vèti te soti nan Li.” Se vre? Si nou pral vin tankou Li, nou dwe gen vèti, lè sa a. Nou dwe genyen l, pou nou tankou L. Èske premye chante ke m te janm renmen, nan—nan kantik yo, youn nan pi gran yo, se te, *Pou Tankou Jezi*. Ebyen, si m pral tankou Jezi, m dwe gen vèti, epi yon pasaj konsa li ka transmèt de mwenmen ma moun yo. Paskè: “Vèti te soti nan Li pou al jwenn moun yo.” Vèti! E anvan nou ka kite l soti, nou dwe genyen l an premye. Nou pa genyen l, li p ap soti. Pa gen anyen ladann pou fè l soti.

145 E si yon moun te eseye retire vèti nan nou, epi chèk la ta retounen “pa gen ase fon”? Ou wè? Non, non, anyen la a pou retire ladann, chèk la san pwovizyon. Yon moun k ap gade w kòm yon Kreyen, epi demen wè w deyò isi a ap gen move konpòtman tankou yon pechè, pa gen anpil vèti ki ka retire nan sa. Ou wè? Egzak.

146 Vèti dwe nan nou. E jiskaske nou gen vèti. . . Alò lè nou gen vrè vèti, nou ka ajoute l nan lafwa nou. Sa se pwochen miray fondasyon an. Kounye a, premyèman nou dwe gen lafwa. Lafwa poukont li p ap fè l. Nou dwe. . . Pyè te di: “Apre sa ajoute vèti nan lafwa nou.” Nou dwe gen vèti, pou ajoute l nan lafwa nou.

147 Kounye a, lè sa a, li ta ka, rezon nou pa genyen li, paske anpil legliz jodi a anseye nou pa bezwen genyen l, oswa jou l yo pase.

“Yo pa dwe genyen l. Sèl bagay nou dwe fè se jis antre al fè w manm legliz. Wi, jou yo pase.”

¹⁴⁸ Vèti, nenpòt moun konnen kisa mo vèti an vle di, ou wè, e nou dwe genyen l. Si vèti te soti nan Li, pou geri fanm ki te malad la, L ap tann menm vèti an nan Legliz Li, paske Li te egzanp nou. E si Li te gen vèti pou bay moun yo, Li atann pou nou gen vèti pou bay moun yo. E kisa vèti ye? Vèti se fòs, pwisans.

¹⁴⁹ Kèk nan yo pa menm kwè nan pwisans Bondye. Yo di: “Sa—sa—sa pase. Sèl bagay nou dwe fè se jis mete non nou nan liv la, epi pou aspèje dlo sou nou, oswa vide, oswa batize, oswa kèlkeswa lòt bagay. E se tout sa nou dwe fè.”

¹⁵⁰ Men Pyè te di isi a: “Ajoute vèti.” Kounye a, Pyè ap pale de bati Kay Bondye a, ou wè, Tanp Bondye a, fikse l nan yon plas. E apre nou gen vèti, nou dwe gen . . . Apre nou gen lafwa, nou dwe gen vèti avè l. Se vre. Gen vèti pou tout mond lan.

¹⁵¹ M te preche yon sèmon apeprè ventan de sa, m sipoze, sou Reveran Mesye Lis. Lis, pastè a. M te pran l nan tèks kote Jezi te di: “Konsidere lis la, kijan yo pa ni travay di ni file. Poutan m di nou, Salomon nan tout glwa li pa abiye tankou yon sèl.”

¹⁵² Gade flè lis la. Li soti lwen anba nan labou a. E chak minit nan jounen an li dwe ap retire sot nan tè a. Ou wè? E kisa l fè ak vèti sa a ke l retire a? Li distribye l. Li fè yon bèl espektak pou admiratè a. Li ouvri tèt li pou siwo myèl, pou abèy la vini epi pran pati pa l la. Pa plenyen. Li jis genyen l, pou distribye. E si abèy la antre la a; pa gen ase fon, nanpwen siwo myèl? Ti abèy sa a tap grate tèt li epi di: “Ki kalite flè lis sa ye?”

¹⁵³ Si yon nonm ap vini la a, ap eseye jwenn lesali, al nan legliz ki kwè jou mirak yo pase?

¹⁵⁴ Tankou Jack Coe te di yon fwa. Li te antre nan yon restoran, epi gen yon gran gwo meni; li kòmanse li li, te gen biftèk T-bone ak lòt bagay. Li di: “M ap pran yon T-bone.”

“Ebyen, sa se te pou yon jou ki pase. Nou pa genyen l.”

¹⁵⁵ Ou t ap byen fè tou depoze meni an epi soti, ou wè, se vre, paske yo pat gen anyen pou manje, tout jan. Kidonk ou te ka tou ale kote yon restoran gen on bagay pou manje.

¹⁵⁶ E nonm espartyèl la, k ap grandi a, bezwen on bagay pou l manje. Sa se Pawòl Bondye a. M kwè chak Pawòl nan Li.

Bondye gen yon tab ki drese kote sen Bondye
yo nourì,
Li envite moun ke Li chwazi yo: “Vini dine.”
Ak Lamàn Li Li nourì, Li reponn a tout bezwen
nou,
O, ala sa dous pou soupe ak Jezi tout tan!

¹⁵⁷ Se vre. Wi, mesye. Li genyen L. Legliz la genyen L, Legliz Bondye vivan an, ki bati nan lòm pafè sa a, nan konesans Kris. Bon, kounye a nou dwe gen vèti.

¹⁵⁸ M te di lè sa a, premye bagay ou konnen, gen yon moun ki renmen pran sant lodè a. Li pa egoyis. Li gen lodè. Anvan li ka distribye lodè, li dwe genyen l. Anvan li ka distribye siwo myèl, li dwe genyen l. Anvan li ka distribye bote, li dwe genyen l.

¹⁵⁹ Anvan nou ka distribye vèti, nou dwe genyen l. Kidonk, ajoute nan lafwa nou, vèti. Amèn. Konprann? Nou te ka rete sou sa lontan, men tan nou tap chape nan men nou. Ajoute vèti nan lafwa nou. Kounye a, premyèman se lafwa, apre sa vèti.

¹⁶⁰ Epi, twazyèmman, nou ajoute konesans. Konesans, kounye a, sa pa vle di konesans lemonn, paske sa se foli pou Bondye; men konesans pou jije, jije (kisa?) byen ak mal. Kijan nou jije li, alò, si nou gen konesans Kreyen ak vèti ak lafwa nou? Nou jije si Pawòl la gen rezon oswa antò. E si nou ka mete sou kote tout kredo nou yo, ak tout enkredilite nou, tout bagay ke nou pretann nou te fè, lè sa a nou gen konesans pou kwè ke Bondye pa ka bay manti. “Kite chak pawòl lòm se on manti, men Pa M lan se verite.” Ou wè? Kounye a n ap resevwa konesans. Sa se konesans siprèm. Nou pa bezwen gen kat diplòm nan kèk kolèj, oswa yon bagay konsa, pou genyen l, paske tout vèti sa yo se Bondye ki ban nou yo, pou plase sou fondasyon lafwa nou, konsa nou te ka vini nan grandè total yon vrè òm pou Bondye vivan an. Wi, mesye.

¹⁶¹ Ajoute, ajoute konesans, paske, konesans Pawòl Li. Nou dwe kwè li nan fason sa a. Tankou, nou ta dwe kwè jodi a ke . . . epi asepte li, ke jou mirak yo pa pase. Konesans sa ke Bondye te di, Bondye kapab fè l.

¹⁶² Abraham te kwè sa. E lè li te gen santan, li pat ezite sou pwomès Bondye a nan enkredilite. Gade kijan Pawòl sa a te parèt ridikil. Men yon nonm, santan, k ap tann yon bebe ki pou fèt nan kay li, pa yon fanm katrevendiz an. Ou wè? Prèske senkant an depase fè pitit, li te viv avè l depi li te yon—yon jennfi, oswa laj adolesan. E men li, kouran lavi li te mouri. Epi matris Sarah te mouri. E tout lespwa te pati, osi lwen ke se te lespwa. Men, poutan, kont tout lespwa, li te kwè nan lespwa, paske li te gen konesans ke Bondye te kapab kenbe tout bagay ke L te pwomèt.

¹⁶³ Kounye a, lè nou genyen l konsa, apre sa ajoute sa nan lafwa nou. Lè nou gen vrè vèti, ajoute l nan lafwa nou. Lè nou ka mache deyò la a nan lari a, viv tankou yon Kreyen, aji tankou yon Kreyen, pou se yon Kreyen, ajoute sa nan lafwa nou. Lè nou gen konesans . . .

¹⁶⁴ Nou di: “Ebyen, m pa konnen kounye a si Ekriti *sa a* jis kòrèk. Kounye a men Ak 2:38, m pa konn kijan pou m konkòde l avèk Ak 28:19, m pa konnen.” Trè byen. Piga nou—piga nou ajoute anyen, paske nou poko genyen L. Ou wè? Kisa nou pral fè? Paske, nou poko gen konesans ase pou konnen de Bondye, ke Bib la

pa kontredi Tèt Li. Kite l trankil. Pa di plis sou li. Ou wè? Kite l trankil.

¹⁶⁵ Men lè nou ka wè ke Lekriti a pa kontredi tèt li, ke nou ka di sa; epi nou ka wè, ke, pa revelasyon Bondye a, tout Pawòl la ekri nan mistè, e sèlman konesans Bondye a ka revele Li; alò lè nou genyen sa epi di, ponktye chak Pawòl Bondye ak yon “amèn,” apre sa ajoute sa nan lafwa nou.

¹⁶⁶ O, w ap vin yon nonm ase bon kounye a menm. Ou wè? W ap monte, ou wè. Ak kisa? Ak lafwa, apre sa ak vèti, apre sa konesans. Wè kijan l ap bati nonm sa a? Nou ka wè pa gen okenn—okenn mwayen chape anba l. Sa se fason pou vin nan grandè Kris la an plen. Wi, mesye.

¹⁶⁷ Pou jije, jije byen. Jije si sa byen oswa mal, pou kwè Pawòl Bondye a. Jije si sa byen oswa mal, si m ta dwe sèvi yon kredo oswa sèvi Bondye. Jije si sa byen oswa mal, m ta dwe ne de nouvo oswa antre al jwenn yon legliz. Apre sa n ap kòmanse. Jije byen, lè predikatè a di: “Jou mirak yo pase.” Bib la te di: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Kounye a kiyès nou pral kwè?

¹⁶⁸ Lè nou di: “M ap pran Bondye.” Kounye a, nou pa di sa jis pou di: “Ebyen, mwen—mwen pran l,” jis sot nan kè nou. Men, yon bagay nan nou, lafwa nou pouse soti la a. Apa nou. Lafwa nou di: “M konnen Li se menm lan. Amèn. M temwen Li se menm lan. Pa gen anyen ki ka retire l nan mwen. M konnen Li reyèl.” Amèn. Apre sa ajoute sa nan lafwa nou. Poze l sou fondasyon an. W ap monte kounye a, w ap monte dwat nan direksyon Wayòm lan. Ou rive nan on kote kounye a. Trè byen.

¹⁶⁹ Kounye a, pwochen bagay, predikatè a ap di nou, epi anpil moun di: “Lan. . . Bagay sa yo ke nou li nan Bib la, yo te pou yon lòt jou. Kounye a, m ap di nou poukisa. Paske, nou pa bezwen bagay sa yo jodi a. Nou pa bezwen l. Ou wè? Nou pa ta dwe. Nou pa gen pou n pratike bagay sa yo, gerizon Divin. Nou pa pratike pale an lang, nan legliz la, pou—pou kenbe legliz nou dwat. Epi nou pa fè sa.”

¹⁷⁰ N ap rive nan sa. M gen yon Ekriti ki ekri bò isi a sou sa, ou wè, si nou ta dwe fè l toujou oswa pa fè l, kounye a.

¹⁷¹ Men isi a li te di: “M pa konnen. Nou pa ta dwe fè sa jodi a. Sèl bagay m panse nou ta dwe fè, nou ta dwe aprann pale kòrèkteman devan foul la. Nou ta dwe ale epi kite yon sikyat teste entelijans nou, pou wè si nou kapab pou nou kapab prezante tèt nou, si kosyan entelektyèl nou wo ase pou fè sa, e—e latriye konsa. M panse. . . E nou genyen pi gran asanble yo. Nou bati òganizasyon nou.”

¹⁷² Nou p ap bati yon òganizasyon. M pa isi a maten an pou bati yon òganizasyon. Kris pat janm voye m pou bati òganizasyon. Kris te voye m bati endividi pou mennen yo nan grandè Jezikri a, konsa yo te ka vin santral enèji a ak plas pou Lespri a abite,

pa Pawòl Li. Pa Pawòl Li, ou wè, bati endividi a pou vin nan plas sa a. Pa bati yon òganizasyon pou on pi gran denominasyon, men bati endividi a pou vin pitit gason ak pitit fi Bondye. Se lide a sa. Ou wè? Ajoute nan lafwa nou, vèti; nan vèti nou, ajoute konesans. Ebyen, kounye a n ap vini nan yon plas.

¹⁷³ Kounye a lè yo kòmanse di: “Ebyen, nou pa gen pou n asepte sa jodi a . . .” Nou dwe fè sa. Sa dwe fèt.

¹⁷⁴ Lèzekriti pa ka bay manti. “E Yo pa gen okenn entèpretasyon prive,” Bib la di. Nou jis kwè Li fason Li ekri La a. Ou wè? Nou dwe gen bagay sa yo. Epi sèl fason n ap janm kapab genyen yo, se gen konesans ki sot nan Syèl. Epi konesans ki sot nan Syèl ap konfime Pawòl la. Ou wè?

¹⁷⁵ Nou dwe kwè, pa swadizan kwè l. Okenn nan sa yo pa swadizan kwè, ou wè, si nou eseye di: “M genyen l.” Piga nou se yon zwazo nwa k ap mete plim pan sou noumenm, ou wè, paske y ap tonbe dwat. Yo pa pouse natirèlman anndan la a. Yo jis kole yo la.

¹⁷⁶ M panse a kote David te di la a, Sòm 1: “Li va tankou yon pyebwa ki plante bò kote larivyè dlo yo.” Nou konnen, gen yon diferans ant plante e poze, kole. Tankou vye pye chenn lan, li te plante, sa anrasine epi byen kenbe. Vye ti bout bwa yo poze la a, ou pa konn kisa ki pral rive l. Li pa gen rasin. Li pa gen fondasyon. Ou wè?

¹⁷⁷ Se tankou kèk moun ki sot nan yon seminè oswa on bagay, ou wè. Pa gen . . . “Ebyen, Doktè *Entèl entèl* te òdone mwen nan ministè a.” Sa pa fè okenn diferans kiyès sa te ye.

¹⁷⁸ Kris fè w ne nan li, ou wè, ou wè, pa lafwa ou. Ou wè? Ou rejenere epi ne nan li. Epi apre nou ne nan li, sa yo se bagay ke Li atann pou nou ajoute. Jis kontinye ajoute yo. Kounye a nou pral desann dwat nan li lan.

¹⁷⁹ Kounye a pral gen yon lòt bagay sou konesans sa a, nou te ka pale de li, konesans ki sot nan Bondye. Ou wè? “Èske Bib la nan jou sa a pèdi siyifikasyon Li?” Ou wè, yo, anpil moun di nou sa, ke Bib la pa vle di sa egzakteman. Si Bondye veye sou mwen, epi korije m nan peche mwen, e si mwen se yon pitit gason Bondye, Li fè sa. Li fè l pou ou fason sa a, pitit gason ak [Pati vid sou kasèt la—Edite a.] pitit fi. Lè nou fè nenpòt move bagay, Li korije nou. Apre sa si Bondye tèlman espesyal anvè nou, ke Li veye sou nou epi korije nou, konbyen plis Li fè l pou Pawòl Li, ki se egzansp nou, ki se Limenm!

Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. E Pawòl la te Bondye.

E . . . te fèt chè, epi te abite nan mitan nou, . . .

¹⁸⁰ Pawòl la se revelasyon Jezikri, Bib la te di sa, Kris ki revele nan Pawòl Li. E si Li te veye sou nou lè nou vyole lwa sa yo, Li

kondane nou pou li, konbyen plis Li te veve sou lwa Li ki kondane nou! Amèn.

181 Ale, gason, pa di m bagay sa a!

182 M kwè nan yon konesans otantik Sentespri a. Konesans Sentespri a ap toujou ponktye Pawòl la ak “amèn.” Lè nou gen bagay sa yo ki sanble yo kontredi tèt yo, nan Bib la, nou chita epi etidye li, epi nan lapriyè konsa. E premye bagay nou konnen, Sentespri a kòmanse aji. Apre on moman nou wè l konekte ansanm, epi men nou konprann li. Ou wè? Se konesans.

183 Kèk nan yo di: “Ebyen, kounye a, Bib la te di ke Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan.”

184 E legliz la di: “Nan yon sèten sans, Li se menm lan.” En-en! En-en! Ou fin louvri brèch la la menm. Ou wè? Wi, mesye. Non, mesye. Li se menm lan. Wi, mesye.

185 “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Pa gen okenn diferans nan Li, ditou. Li viv nan Legliz Li, ap fè menm bagay la. “On ti moman,” jan m te site sa fè on moman, “on ti moman epi mond lan p ap wè M ankò, poutan nou va wè Mwen.” Paske, Li te di: “M ap avè nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan.” Ankò, Li te di: “Zèw ke Mwen fè yo nou va fè yo tou.” Ankò, Li te di: “M ap Pye Rezen an. N ap branch yo.” E branch lan sèlman viv pa Lavi Pye Rezen an. Kèlkeswa sa ki nan Pye Rezen an vini nan branch lan. Glwa! Alò, “Kris menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Li pwodwi Lavi Seyè Jezikri a. Amèn.

186 Konesans; pa sa mond lan (li rezone). Nenpòt kalite konesans mond lan rezone. Ou wè? Men lafwa pa gen rezònman. Bondye revele nou yon sèten sèten bagay pral rive, chak syantifik nan mond lan te ka di nou: “Li kontrè. Li pat ka rive.” Nou kwè li, kanmenm. Ou wè? Wi, mesye. Li pa rezone. Bib la te di: “Nou rejte rezònman.” Nou pa rezone ak lafwa. Lafwa pa gen rezònman. Lafwa konnen kote l ye. Lafwa aji. Lafwa kenbe fèm. Li pa ka bouje. Anyen pa ka bouje l. Sa pa gade m kèlkeswa sa ki di *sesi, sela, se lòt bò*. Li pa bouje, yon bout. Li rete la menm, tann, tann, tann, tann. Sa pa fè okenn diferans. Li rete la menm.

187 Bondye te di Noe bagay sa yo pral rive. Li te kwè l. Ou wè? Bondye te di Moyiz bagay sa yo pral rive. Li te kwè l. Bondye te di disip yo sèten bagay ki pral rive: “Ale laba a nan Pannkot epi tann.” Yo te rete la menm. Wi, mesye. Trè byen.

188 Bon, konesans, kounye a, pa konesans mond lan, men se konesans ki sot nan Syèl. Epi konesans Selès la, lè Bondye se fontèn tout konesans, epi Bondye se Pawòl la, alò, si nou gen konesans Selès, nou kwè Pawòl la, epi nou rezone nenpòt bagay pa Pawòl la.

189 Epi ka taks sa a ke legliz la te ladann lan, oswa mwen te ladann lan. Youn nan mesye yo on fwa, nan on ti odyans, te di m.

Te di, mwen te di . . . “Yo pat ka jwenn anyen ki mal.” E kidonk yo kòmanse . . .

¹⁹⁰ M te di: “Ebyen, alò, si pa gen anyen ki mal, poukisa nou pa rale kò nou sou do m?” Ou wè? Ou wè? Epi m te kontinye, ap pale l de kèk Ekriti.

¹⁹¹ Li te di, gran gwo kanmarad ak yon sigarèt nan men li, li te di: “Mesye Branham, m se yon etidyan Bib la.”

M te di: “M kontan tande sa.”

¹⁹² Li te di: “Kounye a m vle konnen kisa sipèstisyon sa a, ou fè peye pou mouchwa sa yo ke w voye ale, ti sipèstisyon sa a de priye sou mouchwa yo epi voye yo ale, ‘twal wen’ sa yo, ou rele yo, ‘twal.’” Li te di: “Apre sa ou fè peye pou sa yo.”

M te di: “Non, mesye. Se gratis.”

Epi l te di: “Ebyen, sou sipèstisyon sa a.”

¹⁹³ M te di: “Ou rele li yon sipèstisyon, mesye. Ou te di m sa fè kèk minit ou te yon etidyan Bib la.”

Li di: “Se sa m ye.”

¹⁹⁴ M te di: “Site Ak 19:11 pou mwen.” Konesans! Li te pran pwòp tèt li nan pyèj dwat ladan l, li te eseye chanje sijè a. M te di: “Alò site Jan 5:14 pou mwen.” Li pat ka fè l. M te di: “Alò Jak 5:14.” Li pat ka fè l. M te di: “Èske w konn Jan 3:16?” Ou wè? Konesans, entèlijans, selon mond lan! Men lè . . .

¹⁹⁵ Li te di: “Men, Mesye Branham, w ap eseye jije ka sa a pa yon Bib. N ap jije l pa lwa peyi a.”

¹⁹⁶ M te di: “Mesye, èske lwa peyi a pa baze sou Bib la? Alò se jistis.” Amèn! Sèten.

¹⁹⁷ Konesans; pa selon mond lan. Konesans espiritiyèl de Pawòl la, konnen sa Bondye di, fè sa Bondye di, se vre. Apre sa si nou gen sa a epi ka kwè tout bagay sa yo, ke Li se menm lan, ak tout bagay sa yo Pawòl la di se vre, nou ponktye chak grenn ak yon “amèn.” Se kòrèk. Ajoute sa nan lafwa nou. Sa kòrèk. Wi.

¹⁹⁸ Si yon moun eseye di nou ke “Bib la pèdi pwisans li. Pa gen bagay tankou batèm Sentespri a.” En-en. Pa ajoute sa. Li p ap mache. L ap tonbe. Se tankou mete ajil sou on wòch, li p ap kanpe. L ap tonbe.

¹⁹⁹ Apre sa moun di nou: “Yo pa ka fè Bib la konfyans jodi a. Se pou nou pridan kounye a. Piga nou al kwè sa. Yo pa ka fè L kon- . . .” Nou te tande sa tout tan. Ti dikton an: “Nou pa ka fè Bib la konfyans.” Ebyen, si—si nou gen sa nan lespri nou, pa—pa eseye ajoute li, paske li p ap mache. Tout bilding lan ap tonbe la menm.

²⁰⁰ Li dwe mòtifye pa Sentespri a. M vle di kole ansanm, mòtye a ki sele li. Epi menm bagay la ki sele l . . . Nou konn fason an . . .

201 Yon tib vilkanize toujou dire pi lontan pase jis yon vye patch ki kole. Yon ti chalè vin kole sou yon vye patch sou yon kawoutchou, premye bagay ou konnen, fè kawoutchou sa a pran on ti kras chalè, kouri on tikal rapid, epi l ap fonn. Wi, mesye. Ou wè?

202 Epi se sa k rive ak anpil moun jodi a. Yo eseye kole konesans yo sou yon konesans mond lan, ak yon vye ti lakòl terès, epi, lè eprèv yo vini: “Ebyen, petèt m te antò.” Ou wè? Epi lè a ale, ou degonfle nan kèk minit. Tout rele ak sote ponpe w yo pat fè w okenn byen. Moun yo wè w tounen dwat nan menm ma dlo a ankò. Ou wè? Se vre.

203 Men si nou rete la a ak ase chalè Sentespri a, jouk li fè noumenm ak tib la yon sèl. Se sa. Noumenm ak tib la vin yon sèl. Lè n ap rete la a jouk noumenm ak chak pwomès Bondye vin yon sèl, alò ajoute sa nan lafwa nou. Si nou pa fè sa, pa ajoute l ditou.

Nou di: “Yo pa ka fè Pawòl la konfyans.” Pa eseye ajoute sa.

204 Nou di: “Pwomès yo anndan isi a, de batèm Sentespri a, te fèt sèlman pou douz apot yo,” tankou kèk legliz di jodi a, pa eseye ajoute sa. Se kote fondasyon yo ye, tout tonbe. Ou wè? Se tankou Ozyas te ye, yè swa, lè li te wè fondasyon nonm sa ke li te fè konfyans, tout tonbe, frape ak lalèp, sa pat bon. Kounye a: “Jis pou douz apot yo, sèlman douz apot yo.”

205 M te anba a kot Frè Wright . . . M panse yo dèyè la a on kote. Yon jou swa, te gen yon minis ki te la a, m tap pale, te gen kat oswa senk predikatè ansanm. Predikatè sa a te leve epi te di: “Kounye a, m vle di nou on bagay chè zanmi. O, m panse nou se moun debyen.”

206 M te di, m te di yon moun, m te di: “Se—se youn ki chita la a menm. Gade.”

207 Kidonk, Junior Jackson, dèyè la a, te fèk fin pale. Epi l te di . . . tap preche sou gras Bondye a. O la la!

208 Li tap boule, ap tann. Li te leve la a epi li tap eseye konprann. “Kounye a, m vle di ke Mesye Branham isi a, m di nou, se yon antikris.” Epi l te kòmanse konsa, tout lannwit.

209 Kèk nan predikatè yo te kòmanse . . . M te di: “Tann on minit. Kounye a, pa di anyen, frè. Li se youn pou kont li epi noumenm nou plizyè.” M te di: “Jis kite l trankil kounye a. Li te atake m.” M te vle l, mwenmenm, tèlman, m pat konn kisa pou m fè. Ou wè?

210 Kidonk, li te di: “Mesye Branham se yon antikris,” epi li te kontinye ap di tout bagay sa a, nou konnen, sou . . . Li te di: “Li te di la a: ‘Konsènan batèm Sentespri a.’” Li te di: “Bib la te di te gen sèlman douz ki te gen batèm Sentespri a.” Konsènan gerizon Divin: “Sèlman douz apot yo te gen gerizon Divin.” Li te di: “Nou pale kote Bib la pale, epi fè silans kote Bib la fè silans.” M te tann jouk li te radote la a pandan apeprè yon demi èdtan.

211 M te di: “Jis tann on minit. M te ekri tèlman anpil isi a,” m te di, “ban m yon chans pou reponn kèk.” Epi lè m te leve, m te di: “Mesye a, li te di li ‘te pale kote Bib la te pale,’ se sa legliz li te fè, ‘epi li te fè silans Kote L te fè silans.’ Nou tout se temwen. ‘Wi.’” M te di: “Kounye a, li te di ‘Te gen sèlman douz ki te resevwa Sentespri a.’ Bib mwen an te di te gen sanven, premye kou a.” Amèn! Jete kalite konesans sa a, nou wè, ke l tap eseye a.

212 M te di: “Alò m sipoze Pòl pat resevwa Sentespri a lè li te di li te resevwa L.” Ou wè?

213 M te di: “Laba a nan . . . Lè Philip te desann epi te preche bay Samariten yo. Yo te batize nan Non Jezi. Sèlman, Sentespri a pat vin sou yo. Epi yo te voye epi te gen Pyè ak Jan, ki te vini epi te poze men sou yo, epi Sentespri a te vin sou yo. M sipoze se te sèlman douz yo?”

214 M te di: “Nan Ak 10:49, lè Pyè te sou tèt kay la, epi te wè vizyon an yo pral monte kot Kònèy’. Pandan Pyè poutan t ap pwononse pawòl sa yo, Sentespri a te tonbe sou sila yo ki te tandè Pawòl la.” M di: “Bib la toujou ap pale. Kote legliz ou a?” Li tounen nan swadizan. Se vre. Ou wè?

215 M te di: “Gerizon Divin, ou te di: ‘Sèlman douz apot yo te gen gerizon Divin.’ Bib la te di ke Etyèn te desann nan Samari epi te chase demon epi te geri malad yo, epi te gen gran lajwa nan vil la. E li pat youn nan douz yo. Li pat youn apot. Li te yon dyak.” Amèn. Amèn.

216 M te di: “E Pòl pat youn nan douz yo ki te nan chanmòt lan, e li te gen don gerizon an.”

217 M te di: “Jis gade don gerizon yo! Epi kontinye desann dwat, trant an pi ta, li te toujou nan Korentyen, ap òdone don gerizon an nan Kò Kris la.” O la la!

218 Kounye a, kalite konesans sa a ke nou aprann nan kèk liv, pito nou jete l nan poubèl la. Vin nan konesans sa a. Lè Bondye te di: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” di: “Amèn.” Wi, mesye. Wi, mesye. Pa pou douz yo; se pou tout. Lè nou gen kalite lafwa sa a, lè lafwa nou ponktye li, chak bout, ak yon “amèn,” lè sa a nou di: “Trè byen,” ajoute sa a nan li.

219 Katryèmman. N ap dwe prese, paske m jis . . . Sa jis fè santi tèlman byen pou kanpe isi a epi pale de sa. Amèn. [Yon frè di: “N ap pran plezi nan li.”—Editè a.] Wè. Katryèmman . . . Mèsì.

220 Ajoute “tanperans.” O la la! Nou rive nan tanperans. Kounye a, nou te gen lafwa, an premye; nou te dwe gen sa, pou kòmanse. Apre sa nou ajoute vèti nan lafwa nou, si se bon kalite vèti a. Apre sa nou ajoute konesans, si se bon kalite konesans lan. Kounye a nou pral ajoute tanperans.

221 Tanperans pa vle di: “sispann bwè alkòl,” isi a, non plis. Non, non. Tanperans pa vle di gerizon alkolik, pa nan ka sa a. Sa se tanperans Bib la, tanperans Sentespri a. Sa se jis youn nan

konvwatiz lachè, men n ap pale de tanperans Sentespri a. Sa vle di, kijan pou kontwole lang ou, pou w pa yon tripotye; kijan pou kontwole tanperaman w, pa fè kòlè chak fwa yon moun pale mal avè w. O la la!

222 Gason, anpil nan nou pral tonbe anvan nou kòmanse, pa vre? Ou wè? Apre sa nou mande tèt nou poukisa Bondye pa nan Legliz Li, ap fè mirak ak bagay ke yo te konn fè. Wi, mesye. Ou wè?

223 Ajoute bagay sa yo. Ajoute tanperans nan li. O, tanperans, kijan pou reponn ak jantiyès lè yo pale avè n avèk kolè. Yon moun di: “Noumenm bann moun eksite laba!” Pa sote epi retwouse manch nou kounye a. Ou wè? Pa sa. Men pale ak lanmou diven, tanperans, jantiyès. Èske se fason nou vle ye a? Lè yo eksite sou nou, pa eksite an retou. Kite Li se egzanp nou.

224 Lè yo te di: “Si Ou se Pitit Bondye a, chanje wòch sa yo an pen,” Li te ka fè li, epi montre Li te Bondye. Men Li te gen tanperans. Lè yo te rele Li: “Bèlzeboul,” Li te di: “M ap padone nou pou sa.” Se vre? Yo te rache ponyen bab nan figi Li, epi krache nan figi L, epi yo te di: “Desann sou kwa a!”

225 Li te di: “Papa, padone yo. Yo pa menm konnen kisa y ap fè.”

226 Lè, Li te gen don an, Li te konn tout bagay, paske nan Li se te plenitid Divinite a nan kò a. Yo te wè Li fè mirak, nan di moun kisa ki pat bon avè yo, e latrkiye konsa. Yo mete yon ranyon alantou tèt Li konsa, alantou je L, epi frape L sou tèt ak on baton, epi yo di: “Pwofetize, di nou kimoun ki frape W. N ap kwè W.” Ou wè? Li te gen tanperans.

227 Kounye a, si nou genyen l konsa, ajoute li nan lafwa nou. Si nou toujou eklate epi fè frekan, epi ajite, epi bouyonnen, epi eksite, en-en, nou pa gen okenn. . . Nou pa ka ajoute sa, paske li p ap ajoute. Ou wè? Li p ap vilkanize. Nou pa ta ka pran yon moso kawoutchou, nou konnen, epi vilkanize li ak yon moso fè. Li jis p ap mache. Non, li dwe soup, jis tankou kawoutchou a ye. Ou wè? E lè lafwa nou ak tanperans nou vin menm kalite tanperans Sentespri ke L te genyen an, lè sa a l ap vilkanize avè L. Nou ajoute nan li.

Lè vèti nou tankou vèti Li, alò l ap ajoute nan li.

228 Lè konesans nou tankou konesans Li: “M vin fè volonte Ou, O Bondye.” Ou wè? Ak Pawòl Bondye a, Li te bat chak demon. Syèl ak latè ap pase, men Pawòl la p ap pase. Ou wè? Lè nou gen kalite konesans sa a, l ap vilkanize avèk lafwa nou.

229 Lè nou gen bon kalite tanperans lan, tankou Li te genyen, l ap vilkanize. Si nou pa genyen l, jis yon kwayans mwayen chimen lòm fè, byen fon, oswa tanperans, “O, m ta dwe soufflete l, men—men petèt pito m pa fè l, paske yo te ka mete non m nan jounal sou sa.” Se pa de kalite tanperans L ap pale a. Pa eseye ajoute sa. Li p ap mache. Men lè nou ka vrèman, ak dousè sot nan kè

nou, padone chak òm, rete anpè nou, kite sa, ou wè, lè sa a l ap vilkanize. Nou ka ajoute sa nan lafwa nou. Fiou!

²³⁰ Pa etone legliz la tèlman gen ti karaktè. Èske se pa vre? Pa etone. M tap di: “Repanti epi batize, Bib la te di, nan Non Jezikri.” Epi yon Trinitè rijid pa kwè sa, di: “Vye antikris sa a. Li se yon Non Jezi. Li se yon Jezi Sèl.” Fè atansyon, gason, m pa konn sou tanperans ou an kounye a. Ou wè? Poukisa nou pa vin, di: “Ann rezone sa ansanm, Frè Branham. M ta renmen tandè Sa eksplike”? Ou wè? Apre sa desann epi koute Li. Epi apre Li plase dwat devan nou, epi nou mache n ale; n ap—n ap rive nan sa jis nan kèk minit, nan “pyete,” ou wè. Men lè nou—lè nou an kolè, nou vle sote nan chak konklizyon, en-en, se—se pa sa. Ou wè? Nou poko gen tanperans Bib la lè nou fè sa; kijan pou reponn. Apre sa si nou gen tout sa, nou ka ajoute sa nan lafwa nou.

²³¹ Alò, apre sa, katryèmman, nou vle ajoute pasyans nan lafwa nou. Si nou gen lafwa: “li pwodui pasyans,” Bib la di. Ou wè? Kidonk, sa se pasyans. Kounye a, sa se pwochen bagay la ki pral bati grandè sa a. Nou konnen, Bondye gen vrè materyèl nan Bilding Li.

²³² Nou wè sa nou manke, frè, sè? Nou wè? Nou wè poukisa, ki kote nou ye? Wi, mesye. Nou wè? Nou gen laglwa, nou gen rèl lajwa ak bagay konsa, paske nou gen lafwa. Men lè nou rive nan bagay sa yo *isi a*, Bondye pa ka bati nou nan grandè sa a. Ou wè? Li pa kapab. Li pa ka fè nou monte nan kalite plas sa a. Nou gen tout lòt bagay sa yo. Nou tonbe, glise avè li. Ou wè? Li pa ka bati Legliz Li.

²³³ Pasyans ak kisa? Ki kalite pasyans? Premye bagay, se gen pasyans ak Bondye. Si nou gen vrè lafwa, otantik, n ap gen vrè pasyans otantik, paske lafwa pwodui pasyans. Lè Bondye di nenpòt bagay, nou kwè li. Se tou. Nou gen pasyans.

²³⁴ Ou di: “Ebyen, m te mande L yè swa pou geri mwen, epi m jis malad menm jan an maten an.” O la la! Ki pasyans?

²³⁵ Bondye te di Abraham yon bagay, epi vennsenk an pi ta li pat menm gen yon sèl siy. Li te toujou ap kwè. Li te pasyan ak Bondye. En-en.

²³⁶ Toujou mete L devan nou. Kite Li se pwochen bagay pou travèse. Nou pa ka travèse Li, kidonk jis kenbe L devan nou. “Li te di sa, e sa pral rive.” Ou wè? Kenbe L devan nou. Se vre.

²³⁷ Noe te gen pasyans. Wi. Noe te gen vrè pasyans diven. Bondye te di: “M pral detwi mond sa a ak lapli,” epi Noe te preche pandan sanventan, poutan. Anpil pasyans. Pa menm lawouze te tonbe sot nan Syèl. Pat gen anyen. Te jis gen pousyè jan li te janm ye, pandan sanventan, men li te pasyan.

Apre sa, Bondye epwouve pasyans nou. Se vre. Bondye epwouve yo.

238 Apre Li te di Noe, kounye a Li te di: “Noye, m vle w ale pou pi devan epi antre nan lach la. M pral fè bèt yo kouri antre la a, epi Mwen—Mwen vle w antre. Grenpe nan etaj anwo nèt, la, konsa ou ka gade deyò, nan fenèt anlè a. Kounye a, Mwen vle w antre la a. M vle w di moun sa yo: ‘Demen, sa m tap preche pandan sanventan an, pral rive.’ Trè byen, al laba a epi di yo.”

239 Kisa ki te premye siy lan? Noe te antre nan lach la. Pat gen okenn lapli. Noe te pare, epi li te mete padsi a sou li, ak tout bagay, konsa li te ka gade deyò, tanzantan. Li te pare. Men jou apre a . . .

240 M kwè li te ka di fanmi li, ak bèlfi li yo ak yo tout, li te di: “O la la! Demen nou pral wè on bagay nou pat janm wè. Paske, toupatou nan syèl yo, yo pral vin nwa. Epi pral gen loraj ak zeklè. Gwo epe Bondye a pral travèse vit nan syèl la. Li pral kondane gwoup pechè sa yo ki te rejete nou, pandan sanventan sa a. Ret tann epi n a wè.” Ou wè?

241 Kèk nan semi kwayan yo, nou konnen, ki trennen la a epi pa janm antre, nou konnen. Nou—nou toujou genyen yo, nou konnen. Kidonk yo—yo vini, yo di: “Ebyen, granmoun lan ta ka gen rezon, kidonk n ap monte epi tann kèk jou, oswa tann kèk èdtan nan matine a, epi wè.”

242 Jou apre a, nan plas yon nyaj nwa, men solèy la ki leve jis tankou li te toujou fè. Noe te gade deyò. Li te di: “Ey, pa gen okenn nyaj.”

243 Nèg sa a monte, li te di: “Ah, m te konnen ou te youn nan yo. Ou wè, w ap trennen anwo isi a.”

244 “Ebyen, eskize m, mesye. Ha-ha. Petèt m—m—m jis, nou konnen, jis eksite, nou konnen. On jan, ou wè. Ha-ha-ha.”

245 Men, Noe, li te gen pasyans. Li te di: “Si li pat vin jodi a, l ap isi a demen.” Poukisa? Bondye te di sa.

“Kilè Li te di w sa, Noe?”

246 “Sa fè sanventan. M rive lwen konsa, kidonk m ap jis tann isi a kounye a.” Nou wè sa? Apre on moman . . .

247 Nou jwenn, Bondye rive lwen konsa, ap tann Legliz la, tou, men L ap la a. Pa enkyete nou. Li te pwomèt Li.

248 Nou te tann tout tan sa a pou yon rezireksyon. Ap gen youn. Pa enkyete nou. Bondye te pwomèt li. Jis tann ak pasyans. Nou pral tonbe dòmi, sa p ap . . . Nou ta ka fè yon ti kabicha anvan sa rive, men n ap leve nan moman sa a. Li te pwomèt li, nou wè. Yon kabicha, ou wè, sa nou rele yon kabicha lanmò, nou konnen. Sa nou rele lanmò, jis yon ti kabicha, oswa dòmi nan Kris. Nanpwen bagay konsa mouri nan Kris. Lavi ak lanmò pa egziste ansanm. Ou wè? Nou jis fè yon kabicha, yon kabicha ke zanmi nou pa ka rele nou sot ladann. Li se sèl Moun ki ka rele nou. “Li va rele,

epi m va reponn Li,” Jòb te di. Jòb ap dòmi kounye a depi kat mil lane. Pa enkyete. Li va—li va leve. Pa enkyete. Li toujou ap tann.

249 Noe te tann. Katryèm jou a te pase. Nanpwen lapli. Se kòrèk. Sa pral rive.

250 M ka tandè Madan Noe vin bò la a epi di: “Papa, èske w sè- . . . ?”

“Pa pale konsa.”

251 Li te gen pasyans, paske li te gen lafwa. Wi, mesye. Li te gen vèti. Li te gen konesans ke Bondye te gen rezon. Li te gen tanperans. Li pat ankolè, pou di: “Ebyen, m pa konn kisa tout sa a ye. M pèdi tout popilarite m deyò a la.” Non, non. “Moun pa okipe m ankò. M a pral deyò a la epi rekòmanse tout ankò, nèf ankò.” Non, non. Li te gen pasyans. Bondye te pwomèt. Bondye ap fè l. Bondye ap fè l, paske Bondye te di sa.

252 E m ka wè pitit gason l lan vin bò la a, di: “Papa, ou konnen . . .” Pase men l sou cheve gri long li an, nou konnen. E li te gen plizyè santèn lane, nou konnen, chita la a. Li te di: “M konnen ou se yon ansyen patriyach. M—m renmen w, papa. Men èske li te ka posib ke ou te ka on tikal antò?”

“O, non. Non.”

“Poukisa?”

“Bondye te di sa!”

253 “Ebyen, papa, sa fè sis jou ke nou chita isi a. Chita isi a nan gwò, vye lach seche sa a chita isi a menm. Epi li kouvri ak goudwon, anndan kou deyò. E nou tap konstwi li tout lane sa yo. Epi ou te kanpe deyò la a epi te preche, jouk ou te vin gen cheve gri epi chòv. E men ou anwo isi a kounye a, ap eseye di *tèl tèl* bagay. E moun yo ap ri, epi ap voye tomat pou ri ak bagay sou bò li. Gade la a kisa w ap fè. Poukisa, ou konnen . . .”

“Se pou w pasyan, pitit gason m.”

“Èske w sèten?”

“Lapli pral tonbe!”

Bèlfi li te di: “Papa, ou konnen . . .”

“Lapli pral tonbe!”

254 “Men nou te tout lane sa yo, ap tann. Nou tap prepare. Epi ou te di nou lapli pral tonbe, yon semèn de sa. E nou anndan isi a, epi tout pòt yo fenmen, e men n ap pwomennen anndan isi a, epi solèy la jis ap boule dwat tankou li te ye.”

“Men lapli pral tonbe!”

“Kijan w fè konnen?”

“Bondye te di sa!”

255 Kounye a lè nou rive fason sa a, ajoute li. Men si nou pa genyen l fason sa a, pa—pa eseye ajoute l. Li p ap mache. Li p

ap mache sou gerizon. Li p ap mache sou anyen lòt. Ou wè? Li dwe melanje ak menm materyèl li vilkanize avè l la. Se vre. Nou dwe ajoute l. Pasyans ak pwomès Bondye. Wi, mesye. Noe te kwè l. Epi li te gen pasyans ak Bondye, sanventan.

256 Moyiz, li te gen pasyans ak Bondye. Wi, mesye. “Moyiz, m tandè rèl pèp Mwen an. M wè afliksyon yo. M desann pou delivre yo. M pral voye w laba a.”

257 E ti diferans lan la a ant limenm ak Bondye, epi Bondye te montre L glwa Li. Li te di: “M prale.” Lè li te wè glwa Bondye a yon fwa, nou wè, li te gen lafwa.

Li te di: “Kisa w gen nan men w la, Moyiz?”

Li te di: “Yon baton.”

Li te di: “Jete l atè.”

Li te chanje nan yon sèpan. Li te di: “O la la!” Li te kòmanse . . .

258 Li te di: “Pran li, Moyiz. Si M kapab chanje l nan yon sèpan, M ka chanje l tounen ankò.”

259 Ah! Amèn! Si Bondye ka ban mwen yon vi natirèl, Li ka ban mwen yon Vi espiryèl! Si Bondye te ka ban mwen premye nesans lan, Li te ka ban mwen dezyèm Nesans lan! Amèn! Si Bondye ka geri sa, pa gerizon Divin, Li ka leve l ankò pou glwa Li, nan dènye jou a. Se vre.

260 “M ka jete baton sa a atè epi chanje l nan yon sèpan. M ka chanje l tounen nan yon baton. Pran l nan ke a.”

261 Moyiz te lonje men l atè a epi te pran li. Men l te la a, yon baton. Li kòmanse ajoute konesans la a. Ou wè?

“Ki pwoblèm ki gen ak men w, kounye a, Moyiz?”

“Anyen.”

“Mete l nan lestomak ou.”

262 “Trè byen. E pou . . .” Blanch ak lalèp. “O Seyè, gade men mwen!”

“Tounen mete l nan lestomak ou, Moyiz.”

263 Li tounen mete l *konsa*, li te vire vin jis tankou . . . Li jis kòmanse ajoute yo *konsa*, alò, ou wè. Wi, mesye.

264 Li te desann laba. Epi premye diferans lan . . . Li te desann laba. Li te rive la a epi li te di: “Seyè Bondye a te di: ‘Kite pèp Mwen ale.’ Farawon, m vle w konn sa. M vini kòm yon reprezantan Bondye. Ou dwe obeyi m.”

265 Farawon te di: “Obeyi? Èske w konn kimoun mwen ye? M se Farawon. Obeyi ou, yon esklav?”

266 Li te di: “W ap obeyi m, oswa peri. W ap chwazi sa w vle a.” Poukisa? Li te konnen de kisa li tap pale. Li te gen yon komisyon.

Li te laba a. Li te pale ak Bondye. Li te gen lafwa. Li te konnen kote l te ye.

“Ou vle m obeyi w? Sot isi a!”

“M ap montre w.”

“Montre m on siy.”

Li te jete yon baton atè; li te chanje an sèpan.

²⁶⁷ “Franchman,” li te di, “ti trik majisyen medyòk sa a! Vin isi a yon minit. Vin isi a, Jannès, oumenm ak Jambrès, jete baton nou atè.” Yo te jete yo atè, epi yo te chanje nan yon sèpan.

²⁶⁸ Li te di: “Kounye a, oumenm bagay medyòk, desann isi a vin jwenn mwen, yon Ejipsyen, yon farawon Lejip. Epi ou desann isi a ak kèk nan trik majisyen medyòk ou yo, kèk nan riz ou yo,” nou konnen, li panse. Nou konn kisa m vle di. M espere nou konprann li. “Telepati mantal oswa on bagay, nou wè, ya, desann isi a ak kèk nan sa.” Li te di: “Ebyen, nou ka fè menm bagay ou fè a.”

²⁶⁹ Kisa Moyiz te ye? Li pat di: “O, Mesye Farawon, m—m regrèt, mesye. M ap esklav ou.” Non, mesye.

²⁷⁰ Li te ret trankil. Amèn. Rete la menm. Bondye te di, jis nanpwen dout nan kè li: “Ret an pè. M ap montre w on bagay.” Lè w te fè egzaktaman sa Li te di fè, sanble sa te pase mal; ret trankil, pran pasyans.

²⁷¹ Moyiz te di: “Ou konnen, lè M te poze fondasyon sa a, te gen pasyans ki te poze la a, kidonk m ap jis tann epi wè sa Bondye ap fè.”

²⁷² Men vye sèpan yo te la a, ap ranpe la a, ap soufle, ap sifle youn lòt. Premye bagay ou konnen, sèpan Moyiz la te ale: “Gloup, gloup, gloup,” epi te vale yo tout. Li te gen pasyans.

Sila yo ki tann Seyè a, va renouvle fòs yo,
Yo va monte ak zèl tankou yon èg.

Èske se vre? Ou wè? Wi.

Y ap kouri epi yo p ap bouke, mache epi pa endispoze.

Ou wè, jis tann Seyè a. Gen pasyans. Ou wè? Wi, mesye.

²⁷³ Apre sa yo ta pral fè Izrayèl soti. Gran diferans lan te vini, epi Moyiz te tann.

²⁷⁴ Apre sa li te rive nan dezè a. Se sèlman on vwayaj apeprè twa ou kat jou. Se sèlman a swasant kat kilomèt de kote li te travèse la a, dwat an fas kote yo te travèse ankò. Men, Moyiz, nan dezè a, te tann karant an. Pasyans. Amèn. Se vre. Li te tann karant an. O! Wi, mesye.

²⁷⁵ E nou ta dwe gen pasyans youn ak lòt, tou. Ou wè? Yon fwa . . . Nou vin—nou vin sitèlman enpasyan youn ak lòt. Nou panse nou dwe vin tankou Moyiz. Moyiz te gen pasyans ak moun

yo. Gade, se sa ki te lakòz yo pa al lòtbò a. Ou wè? Si n ap eseye fè on bagay . . .

²⁷⁶ Tankou, m te eseye fè Mesaj sa a rive nan tabènak la, pou wè ke chak manm nan tabènak la vin *Sa*. Li difisil pou fè. M te eseye gen pasyans; se tranntwa zan. Ou wè? Gen pasyans. Fanm toujou koupe cheve yo, se jis toujou menm bagay la. Men jis gen pasyans. Ou wè? Jis gen pasyans. Tann. Nou dwe fè l. Si nou pa genyen l, pa eseye bati sou sa *isi a*. Gen pasyans.

²⁷⁷ Menm yon fwa, lè gwoup moun rebelyon sa a te gen enpasyans konsa, yo te lakòz Moyiz fè on bagay ki te mal. Men, poutan, lè sa vin nan yon konfwontasyon, Bondye te bouke ak aksyon yo. Li te di: “Separe tèt ou, Moyiz. M ap touye tout bann moun sa yo, epi rekòmanse a zewo.”

²⁷⁸ Li te jete tèt li nan labrèch, epi li te di: “Bondye, pa fè sa.” Kisa? Pasyans ak moun yo ki tap fè rebèl kont li.

²⁷⁹ M mande tèt mwen si nou te ka fè sa? Si nou pa kapab, pa eseye bati sou sa, paske sa—sa pa chanje, nou konnen. Se fason sa premye a te vilkanize nan *sa a*, epi se fason sa yo chak dwe vilkanize. Si nou pa fè l, nou pa vin nan grandè sa a pou nou vin plas pou Bondye vivan an abite, si nou pa gen pasyans, pasyans, youn ak lòt. Trè byen.

²⁸⁰ Timoun Ebre yo te gen pasyans. Sèten, yo te genyen. Bondye te pwomèt yo, te di yo: “Piga nou koube devan okenn imaj.” Men yo te gen pasyans. Yo te di: “Bondye nou an kapab. Men, sepandan, nou pa pral koube devan imaj ou a.” Pasyans, nan konnen sa, ke Bondye ap leve l kanpe nan dènye jou yo ankò.

²⁸¹ Lavi sa a pa vle di tèlman anpil, apre tou. Ou wè? Bondye ap leve l kanpe ankò nan dènye jou yo. Men lè sa rive nan koube devan yon imaj, nou p ap fè l. Kounye a, n ap bay Seza sa ki pou Seza, men, lè sa rive nan Seza k ap antre nan zafè Bondye, se Bondye ki an premye.

²⁸² “Bondye te di: ‘Piga nou koube devan imaj sa a.’ Epi m p ap fè l. Bondye nou an kapab delivre nou. Si Li pa fè l, m p ap koube devan imaj la.”

Li te di: “Trè byen, men founèz la.”

²⁸³ “Ebyen,” li te di: “o, m sipoze, lapli te ka tonbe anpil aswè a epi mete tout deyò.” Men li pat fè l. Toujou pasyan.

²⁸⁴ Nan demen maten, lè yo te mennen yo deyò devan tribinal yo, men Nebuchadnezzar te chita la a. Li te di: “Trè byen, ti mesye, èske nou pare pou nou rekonèt mwen kòm wa nou?”

“Sètènman. Viv pou tout tan, O wa.”

“Kounye a koube atè devan imaj mwen an.”

“O, non.”

²⁸⁵ “Ebyen, nou pral boule. Nou se dèzòm saj. Nou entèlijan. Nou te yon gran èd pou nou. Nou te yon benediksyon pou wayòm nou

an. Èske nou pa ka konprann mwen pa vle fè sa? Men m—m te fè yon pwoklamasyon isi a, e sa dwe fèt. M pa vle jete nou anndan la a. O, mesye, ki pwoblèm nou?”

286 “M konnen sa parèt trè byen. Men, Bondye nou an kapab delivre nou. Men sepanndan . . .” Yo te gen pasyans.

287 Yo te kòmanse mache monte sou ranp lan. Youn te gade lòt. “Se kòrèk. Trè byen.” Nou gen pasyans. Yo te fè yon pa, Bondye pat la a. De pa, Li pat la a. Twa pa, kat pa, senk pa, yo te jis kontinye ap avanse, Li toujou pat la a. Epi li te mache antre dwat nan founèz dife a. Yo te gen pasyans. Men Li te la a. Ou wè? Jis ase dife frape yo, pou boule takèt yo sot nan men ak pye yo. Epi lè li atenn fon twou a, Li te la a. Ou wè? Yo te gen pasyans.

288 Pou Danyèl se menm fason an. Danyèl te gen pasyans. Sèten. Li pa ta pral bay vag. Non, mesye. Kisa l te fè? Li te louvri fenèt sa yo epi te priye, kanmenm. Se te yon egzijans Bondye. Li te gen pasyans. Li te tann Bondye, antan l te konnen Bondye te kapab kenbe Pawòl Li. Yo te jete l nan fòs lyon yo, yo te di: “N ap kite lyon yo manje w.”

289 Li te di: “Se kòrèk.” Li te gen pasyans. Poukisa? “Ebyen, m te tann Bondye, tout tan sa a. Si m dwe tann kèk milye lane an plis, m ap leve ankò nan dènye jou a. Kidonk, vin pasyan, tann.”

290 Pòl te gen pasyans. Sètènman li te genyen. Gade sa Pòl te dwe fè. W ap pale de pasyan!

291 E moun pannkotis yo? Toutotan yo te gen komisyon an: “Tann jiskaske,” ou wè: “tann jiskaske nou resevwa Pwisans.” Konbyen tan? Yo pat gen okenn kesyon: “Konbyen tan l ap pran?” Yo te jis gen repons lan: “Tann jiskaske.”

292 Yo te monte la a epi yo te di: “Trè byen, ti mesye, petèt nan kenz minit Sentespri a pral sou nou epi nou pral gen ministè nou.” Kenz minit te pase, pèsòn. Yon jou te pase, non; de, twa, kat, senk, sis, sèt.

293 Kèk nan yo ka te di: “Ey, èske nou pa panse nou deja genyen L?”

“Non, non, non, non.” Se sa. Non. Se vre.

294 “Pito nou soti, ti mesye.” Dyab la te di: “Nou—nou—nou konnen nou deja gen sa nou vle a. Ale, kòmanse ministè nou an.”

295 “Non, non, non. Nou poko genyen L. Paske, Li te di: ‘Pral genyen, sa ki pral rive nan dènye jou yo: Se ak bouch k ap bege epi lòt lang M pral pale ak pèp sa a, epi sa se Repo ke M te pale a,’ ou wè, Ezayi 28:19.” Li te di: “Sa se—sa se Li, nou—n ap genyen L lè . . . Donk, n ap konnen lè L vini. N ap konnen lè L vini. N ap konnen l: ‘Pwomès Papa a.’” Li te tann la a nèf jou. Epi nan dizyèm jou a: “Nou te la a.” Yo te gen pasyans, pou tann.

296 Kounye a, si nou gen kalite pasyans sa a, apre Bondye ba nou yon pwomès epi nou wè l nan Bib la, “Li pou mwen,” alò tann.

Alò, si nou gen kalite pasyans sa a, ajoute li nan lafwa nou. Epi wè kijan n ap rive wo kounye a? N ap monte wo nèt *isi a* kounye a. Trè byen. Zegwi revèy la ap fè tou an nèt, tou, se pa vre? Trè byen. Trè byen. Ajoute sa nan lafwa nou.

²⁹⁷ Toujou mete L devan nou, nan sonje, se te Li ki te pwomèt. Se pat mwen, ki te pwomèt. Se pat pastè a, ki te pwomèt, Frè Neville nou an. Se pat kèk lòt minis, ki te pwomèt. Se pat kèk prèt oswa yon pap. Se pat okenn nonm sou tè a. Se te Bondye ki te fè pwomès la, epi Bondye kapab kenbe tout bagay Li te pwomèt. Trè byen. Si nou gen kalite lafwa sa a, pou konnen Bondye te pwomèt li! Ou va di: “Frè Branham, m malad. M bezwen gerizon tout bon vre.” Asepte li. Se yon don yo ba ou, wi, mesye, si ou ka kwè. “Ebyen,” ou di: “Mwen kwè.” Alò bliye l. Se tou. Tout fini. Ou wè?

²⁹⁸ Gen pasyans, si nou gen pasyans. Si nou pa genyen, n ap sot tonbe nan Bilding sa a isi a, ou wè. L ap fè tout rès la tonbe, grenn bagay sa a. Nou dwe gen sa. Pa ajoute l, paske, l ap detwi bilding nou an si nou pa gen pasyans, si nou pa gen vèti pou ajoute nan lafwa nou ke nou di nou genyen an. Epi si nou pa gen okenn lafwa, epi nou eseye mete vèti sou li, l ap kraze lafwa nou met atè. Ou wè? Nou di: “Ebyen, kounye a, tann on minit. Petèt tout sa se yon erè, kanmenm. Petèt Bondye pa Bondye. Petèt pa gen okenn Bondye.” Ou wè, l ap kraze bagay la dwat an de. Ou wè?

²⁹⁹ Men si nou gen lafwa otantik, apre sa mete vèti otantik sou li, apre sa konesans otantik, apre sa tanperans otantik, apre sa pasyans otantik. Ou wè? N ap bouje monte dwat nan liy lan. Trè byen.

³⁰⁰ Senkyèmman, ajoute pyete. O la la! Pyete dwe ajoute. Kisa pyete vle di? M te gade nan kat oswa senk diksyonè epi m pat ka menm jwenn kisa l te vle di. Finalman, m te anba a kay Frè Jeffries la a, nou te jwenn li nan yon—nan yon diksyonè. *Pyete* vle di “pou w tankou Bondye.” O la la! Apre ou gen lafwa, vèti, konesans, tanperans, pasyans, apre sa se pou w tankou Bondye. Fiouw!

³⁰¹ Ou di: “M pa ka fè sa, Frè Branham.” O, wi, ou kapab.

³⁰² Kite m jis li pou ou kèk Ekriti isi a, jis on minit. Matye 5:48. N ap pran sila a epi wè tankou kisa l sanble, Matye 5:48, epi wè si nou sipoze vin tankou Bondye. Nou konnen Bib la di: “Nou se dye.” Jezi te di sa. Poukisa? Tout vèti a, tout bagay ki nan Bondye, nan nou. Matye 5:48: “Se pou nou . . .” Jezi ap pale, nan beyatitid la.

Se poutèt sa *nou fèt pou nou p-a-f-è*, (Kisa sa ye?) pafè,
menm jan Bondye Papa nou . . . nan syèl la pafè.

³⁰³ Nou rive wo nèt *isi a* kounye a, anvan yo mande nou fè sa. Tout bagay sa yo dwe ajoute an premye. Apre sa lè nou rive anwo isi a, Li te mande nou kounye a pou nou pafè, ak pyete, pitit gason

ak pitit fi Bondye. Se vre. Konbyen bagay m te ka di nan menm liy sa a!

304 Ann vire nan Efezyen 4, epi dekouvri bò isi a kisa, nan Liv Efezyen yo, sa di sou bagay sa a, tou, sou kijan nou ta dwe—kijan nou ta dwe fè. Efezyen, chapit 4 la, epi kòmanse ak vèsè 12 la. Efezyen 4, epi kòmanse ak vèsè 12 la. Trè byen. Ann kòmanse anwo isi a ak vèsè 11 lan.

Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, . . .

305 Sonje yè swa? Pa eseye pran fonksyon lòt nonm lan. Ou wè?

. . . lòt ankò pouvwa pou sèvi tankou evanjelis, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè. . . ak kèk, anseyan;

306 “Pou pèfeksyonman Bondye a”? Èske sa li kon sa? [Asanble di: “Non.”—Editè a.] Pèfeksyonman kisa? [“Sen yo.”] Kimoun ki sen yo? Sila yo ki sanktifye. Amèn. Sila yo ki te kòmanse depi anba *isi a*.

. . . pèfeksyonman sen yo, pou yo fè travay ministè a (Ministè Jezikri a), pou kò Kris la ka bati (pou ka bati, bati Li, bati): jiskaske. . .

Jiskaske nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan lafwa ak . . . konesans Pitit Bondye a, epi nan òm pafè a, jouk nou ka vin nan asirans lan, (o la la), nan mezi grandè Kris la an plen:

307 Pou “Pafè,” sa pran pyete. Nou dwe ajoute nan lafwa nou, pyete. Ou wè, nou kòmanse anba *isi a*, ak vèti. Apre sa nou ale nan konesans. Apre sa nou ale nan tanperans. Apre sa nou ale nan pasyans. Kounye a nou nan pyete. Pyete! O la la! Tan nou a prale. Ann wè. Men nou konn kisa pyete te vle di. Nou te chante chante sa a:

Pou w tankou Jezi, pou w tankou Jezi,
Sou latè m anvi pou m tankou Li;
Nan tout vwayaj lavi sot sou latè al nan Laglwa
M sèlman mande pou m tankou Li.

308 Sa se pyete. Lè yo te frape L sou yon bò figi, Li te vire lòt la. Lè yo te pale rèd avè Li, Li pat pale. Li pat joure an retou. Ou wè? Pye, toujou ap chache yon sèl bagay: “M toujou fè sa ki fè Papa a plezi.” Ou wè? Wi, mesye. Toujou. Sa se pyete. Ou wè?

309 Apre nou fin sot *isi a*, pou al *isi a*, al *isi a*, al *isi a*, al *isi a*, al *isi a*, kounye a n ap vini nan grandè a nèt kounye a de yon pitit Bondye. Men nou dwe gen *sa*, plis tout *sa*, epi nou pa ka menm kòmanse jiskaske nou gen *sa*.

310 Kounye a sonje zwazo nwa a ak plim pan yo. Pa bliye li. Ou wè? Pa eseye ajoute l jouk nou ne de nouvo an reyalyite. Paske,

nou, li p ap mache, e nou—nou pa ka fè l mache. L ap vin nan *sa*, oswa *sa* isi a, l ap kraze yon kote.

³¹¹ Men lè nou genyen *isi a*, yon kolonm otantik ki ne de nouvo, lè sa a nou pa ajoute anyen. Li ajoute nan nou, ou wè, monte, trè byen, vin nan pèfeksyon kounye a. Trè byen.

³¹² Apre sa, sizyèmman, ann ajoute, Bib la te di isi a, ajoute lanmou fratènèl. . . bonte fratènèl. Bon, sa se youn ki bon, isi a menm, sizyèm lan, sèt. Trè byen. Ajoute bonte fratènèl. Trè byen. Lè nou rive nan sa, bonte fratènèl, mete tèt nou nan plas li, sou zafè a. Kounye a nou di. . .

³¹³ “Frè m te peche kont mwen,” Pyè te di. “Èske m dwe padone li,” li te di: “sèt fwa nan yon jou?”

Li te di: “Swasann dis fwa sèt.” Ou wè?

³¹⁴ Bonte fratènèl. Kounye a, nou wè, si yon frè pa an akò menm, pa enpasyon avè l. Ou wè? Non. Ou wè? Se pou n janti avè l. Ale, kanmenm.

³¹⁵ Yon moun te di, sa pa fè lontan, li te di: “Kijan nou ka kwè bagay sa yo fason nou fè a, epi toujou ale nan Asanble de Dye yo, ak Initè yo, tout rès la?” Apre sa mete, ou wè, bonte fratènèl. Ou wè? Ou wè? Espere, yon jou, ou wè; pasyan avè l, ou wè; tanperan, kontinye sipòte li; konesans, pou konprann kisa li kwè, sonje, se nan kè li, se sa sa ye; vèti, nan noumenm, pou kite l soti ak jantiyès, dousè, pou li; gen lafwa ke yon jou Bondye ap fè l antre. Ou wè?

³¹⁶ Bonte fratènèl, setyèm bagay la. Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt. [Frè Branham te tape sou tablo a sèt fwa—Editè a.] Ou wè, setyèm bagay. Alò, kounye a, n ap vini.

³¹⁷ Pwochen bagay, apre sa, ajoute charite, ki se lanmou. Sa se pyè fetyè a. Youn nan jou sa yo, nan legliz la. . .

³¹⁸ Kounye a, tanpri, kite yo konn sa sou kasèt la, ak nenpòt ki lòt kote, m p ap anseye sa a kòm yon doktrin, sa m pral di kounye a. Men m jis vle montre nou sa, avèk èd Bondye, kisa li vrèman ye, ke, premye Bib ke Bondye te janm ekri se te Zodyak la nan syèl la. Li kòmanse ak vyèj la. Li fini ak Leo lyon an. E lè m antre nan Sizyèm ak Setyèm So sa a, n ap dekouvri, lè lòt So sa a te ouvri, mak Zodyak plas sa a se te kansè, pwason kwaze yo. E se nan laj kansè a n ap viv kounye a, ki revele. E pwochen bagay So a lè li te brize, Li te revele Leo lyon an, dezyèm Vini Kris la. Li vini, premye fwa a, jwenn vyèj la; Li vini, apre, kòm Leo lyon an. M ap pote sa pou. . .

³¹⁹ Kounye a, m pa konnen si m pral gen tan maten an. M pral fè tout posib mwen, pou m montre nou ke mach sa yo nan piramid yo, jis egzakteman, dezyèm Bib Bondye te ekri a. Enòk te ekri yo, epi l mete yo nan piramid la.

320 E twazyèm lan, Bondye toujou pafè an twa, alò Li te fè Tèt Li Pawòl Li.

321 Isi a, kounye a, sonje, nan piramid la . . . M sipoze anpil nan nou sòlda yo ak lòt yo te an Ejip. Piramid la pa gen yon kwaf sou li. Pat janm genyen. Yo gen Wòch Eskone lan—lan, ak tout lòt bagay yo genyen, men toujou . . .

322 Si nou gen yon biyè dola nan pòch nou, gade sou biyè dola a, epi n ap dekouvri ke, sou bò dwat la, li gen yon èg ak drapo Ameriken an. E li te di, so “Etazini an.” Sou lòt bò a, li gen piramid la, ak yon gwo tonton wòch fetyè ak je yon nonm. Li di sou bò sa a: “Gran so a.” Ebyen, si sa se yon gran nasyon, poukisa gran so sa a pa tap pwòp so pa l, pa nasyon an? Bondye fè yo temwaye, kèlkeswa kote yo ale.

323 M tap pale ak on doktè yon fwa, epi li te jis ap kritike m rèd, sou gerizon Divin. Nou te kanpe nan lari a. Li te di: “Mesye Branham, ou sèlman mete moun yo nan konfizyon.” Li te di: “Pa gen gerizon, sèlman atravè lamedsin”

324 M te rive vire tounen, gade siy li an sou machin lan, li te gen sèpan sa a sou yon poto. M di: “Pito ou retire siy sa a sou machin ou an, alò, paske pwòp siy ou an temwaye ke Bondye se yon Gerisè.”

325 Yon vrè doktè kwè sa. Sa se chalatan sa yo. Wi, mesye. Sèpan an sou poto a! Moyiz te leve sèpan an sou on poto. Li te di: “M se Seyè a ki geri tout maladi nou yo.” Epi yo te gade sèpan sa a, pou gerizon Divin. E poutan yo temwaye kont li; poutan pwòp siy yo a temwaye kont yo. Fiou!

326 Men ni, nasyon nou an, k ap di bagay sa yo, epi k ap moke yo de bagay sa yo, epi pwòp lajan yo, deviz yo, temwaye ke so tout nivè a se Bondye. Nou wè je sa a ki kanpe la a anlè sa a, sou biyè dola sa a? Se gran so a.

327 Yo pat janm mete l sou tèt piramid la. Yo pat ka konprann poukisa. Yo te rejte Pyè fetyè a, Tèt la, Kris. Men L ap vini, yon jou.

328 Kounye a, nan bati, vèti a . . . Nan bati moniman sa a, nan bati grandè sa a, ou wè, li kòmanse ak wòch fondasyon an; lafwa, vèti, konesans, tanperans, pasyans, pyete, bonte fratènèl. Kounye a kisa l fè? Apre sa y ap tann Pyè fetyè a, ki se lanmou, paske Bondye se lanmou. E Li kontwole, epi Li se fòs chak grenn nan bagay sa yo. Se vre. Wi, mesye.

329 Anndan *isi a* menm, anndan *isi a* menm, nou wè m gen, nan mitan, tout zèv sa yo *isi a*, epi men ti vag sa yo ki vini. Kisa sa ye? Sentespri a ap desann, atravè Kris, ou wè. Sentespri a! Sentespri a anwo tout *sa a*, ap soude sa a ansanm, ap bati (yon kisa?) yon Legliz pafè, pou Pyè fetyè a kwafe Li.

330 Kisa sa te fè ankò? Li te manifeste atravè Sèt Laj Legliz, epi sèt mesaj Legliz.

331 Sa te kòmanse anvan *isi a*. Ki kote Legliz la te fonde an premye? Ki kote Legliz pannkotis la te fonde an premye? Pa Sen Pòl, nan Efèz, zetwal Laj Legliz Efèzyen an, Efèz.

332 Dezyèm laj Legliz la se te Esmin. “Vèti.” Irene, gason vanyan an ki te kenbe Levanjil Pòl la wo.

333 Pwochen laj Legliz la se te Pègam, ki te Martin. Martin te gason vanyan ki te rete a. Pòl, Irene, Martin.

334 Apre sa Colomba vini nan Tiyati. Nou sonje? Men li, sa te desine *la a* menm. Colomba. Apre Colomba . . . Laj Fènwa yo antre la a.

335 Apre sa Sad vini, ki vle di *mouri*. Luther. Alelouya! Kisa apre sa? Kisa ki vini apre Sad, Luther?

336 Apre sa Filadèlfi vini. “Pyete.” Wesley, sentete! “Jis la pral viv grasa lafwa,” Luther te di. Sanktifikasyon atravè Wesley.

337 Apre sa bonte fratènèl antre, atravè Lawodise. E nou kwè gran Mesaj dezyèm aparisyon Eli a, nan dènye jou a, va bale peyi a.

338 Apa nou, Sèt Laj Legliz, sèt etap. Bondye ap bati Legliz Li, se tankou yon sèl moun nan yon endividi, nan Limenm. Glwa a, Pwisans Bondye a, ap desann atravè *sa*, ap soude Li ansanm. Se poutèt sa, moun Pannkotis yo pouse Literyen yo soti, pouse Wesleyen yo soti ak lòt yo, yo pa konnen de kisa y ap pale. Nou wè, yo te viv nan pati *sa a* nan tanp lan. Se fason sa, kèk moun ka monte wo konsa epi tonbe. Men gen yon pati otantik nan sa, kontinye fè bilding sa a monte. “M ap restore,” Seyè a di.

339 Nou sonje *Pyebwa Lepouz La?* Nou sonje prèch la sou *Pyebwa Lepouz La?* Yo manje Li, men Li te koupe l. Yo te gen branch denominasyonèl; Li te koupe yo. Yo te kòmanse yon lòt legliz, branch denominasyonèl; Li te koupe l. Men kè Pyebwa sa a te kontinye ap grandi. “Epi nan tan aswè a va gen Limyè.” Ou wè? Sa se lè Kris vini, Sentespri a. Jezi desann epi tabli Tèt Li nan Tèt Legliz la lè sa a, epi L ap resisite Legliz sa a, etan Pwòp Kò Li. Anndan *la a* se Kò a.

340 Epi fason Bondye ap tann pou nou grandi kòm yon endividi, fason Li te fè Legliz li antre pou grandi. Chak laj Legliz, Li vin yon gwo Legliz. Ou wè?

341 Yo pat egzije kanmarad *sa yo* menm bagay ak moun *sa yo*. Yo pat egzije *sa a* menm bagay ak *sila*. Ou wè? Men Li te fè Legliz Li monte menm fason an. Li te fè Legliz Li—Li monte menm fason L ap fè pèp Li monte. Apre sa Pyè *isi a* di, an premye, sèt bagay: lafwa, vèti, (ou wè, sa ap monte), konesans, tanprerans, pasyans, pyete, lanmou fratènèl, ajoute bonte fratènèl, epi apre lanmou Bondye a. Sentespri a, Kris nan pèsòn Sentespri a, vini sou nou, nan vrè batèm Sentespri a, epi nou gen tout vèti sa yo sele nan nou. Apre sa, Bondye viv nan yon Tabènak, ki rele Bilding lan, Tabènak vivan an ki plas pou Bondye vivan an abite.

342 Lè yon nonm posede kalite bagay sa yo, lè sa a Sentespri a vin sou li. Sa pa enpòtan, nou te ka pale an lang, nou te ka imite nenpòt don ke Bondye genyen. Nou te ka fè sa. Men jiskaske vèti sa yo *isi a* antre nan nou, nou toujou andeyò reyèl, vrè fondasyon lafwa a. Men lè vèti sa yo grandi, epi nou te ajoute sa sou sa, apre sa nou se yon moniman vivan. Nou se yon idòl vivan, an mouvman.

343 Men, nou konnen, payen yo—yo, yo pwostène tèt yo devan yon idòl, yon dye imajinè. E nan fason imajinè yo kwè ke dye imajinè sa a tounen pale avè yo. Se paganis. Se Womanis. Yo koube devan tout kalite sen ak tout lòt bagay. Epi yo gen Sent Cecile, yon dye nan kay, e tèlman anpil bagay diferan konsa. Yo koube devan sa, epi an reyalite yo kwè sa nan fason imajinè. Ala yon—ala yon tip sa ye, de vrè Bondye vivan an.

344 Men lè nou, pa nan yon fason imajinè, men pwostène tèt nou devan yon Bondye vivan, yon vèti vivan, yon konesans vivan, yon pasyans vivan, yon pyete vivan, yon Pwisans vivan ki sot nan yon Bondye vivan, fè yon òm vivan yon imaj vivan nan grandè Bondye a. Kisa l ap fè? Menm bagay ke Jezi te fè yo; ap mache menm fason Li te mache a, ap fè menm bagay Li te fè yo. Paske, se pa bagay imajinè. Men yon reyalite ki pwouve.

345 Ou wè kisa m vle di? Nou wè kijan vèti sa yo, materyèl pou bati sa yo, an amoni ak mesajè Legliz yo, ak laj Legliz yo? Kounye a, youn nan jou sa yo, nou pral pran chak grenn nan pawòl sa yo, epi etidye yo, epi montre ke sa pwouve l. Tout ale ansanm. Sèten. Ou wè? O la la! Ala sa mèveye, ou wè, pou wè kisa li—kisa li fè.

346 Kounye a, sa se Kay ke Bondye abite ladann lan; pa yon bilding ak yon gwo klòch sou tèt li, epi yon kloche ki wo. Ou wè? “Men Ou te prepare Yon Kò pou Mwen,” yon Kò ke Bondye ka abite ladann, Bondye ka mache ladann, Bondye ka wè ladann, Bondye ka pale ladann, Bondye ka travay ladann. Amèn! Yon ajan vivan Bondye, Bondye k ap mache sou de pye, nan nou. Glwa! “Bondye òdone mak pye jis la,” Bondye ap mache nan nou. “Paske nou se lèt ki ekri, ke tout òm li.” E si Lavi ki nan Kris la nan nou, n ap pote Lavi ke Kris te pote a.

347 Tankou m te toujou di. Retire sèv la nan yon pye pèch, epi si nou te ka transfere li, pa yon transfizyon, nan yon pye pòm, pye pòm lan tap pote pèch. Sèten. Sètenman l tap fè l. Sa pa enpòtan a kisa branch yo sanble, li gen sèv pye pòm nan li, ou wè, oswa kèlkeswa pyebwa li ye a. Ou wè? Retire lavi li sot nan pye pòm lan, retire tout, epi ba li yon—yon transfizyon sèv, epi drennen sot nan pye pèch la al nan pye pòm lan. Kisa ki rive? Li p ap pote okenn pèch ankò. Ou wè? Non, mesye. Li p ap fè l. Si lavi pye pèch la vin nan pye pòm lan, pito, li p ap pote okenn pòm ankò. L ap pote pèch, ou wè, ou wè, paske li gen lavi a nan li.

348 Ebyen, lè nou pran nou, sa pa anyen ke yon kalbas sovaj, yon estipid, ou wè, epi pa gen anyen ki bon nan nou, paske nou tout

mouri nan peche ak ofans. Nou tout nan kalite kondisyon sa yo. Epi nou, lè noumenm, ka pwostène tèt nou, konsakre tèt nou, jiskaske Bondye pran tib transfizyon Li a, Non Jezikri a, paske: “Pa gen yon lòt Non anba Syèl la pa ki lòm ka sove,” epi transfere Lavi Kris la nan nou. Apre sa nou gen kalite lafwa *sa a*, lafwa ke Kris te genyen an. E lafwa Kris pat baze sou Farizyen sa yo, oswa Sadiseyen yo, oswa nan lave krich yo, ak kaswòl yo, ak mamit yo. Sa te baze sou Pawòl Bondye a, amèn, tèlman anpil, jiskaske Kris te Pawòl la, Pawòl la te fèt chè. Epi lè nou ka vin tèlman transfize pa Pwisans Li, ke nou mouri a pwòppanse nou, e lafwa nou vin yon lafwa otantik, alelouya, lè sa a Lavi Kris transfize nan nou. Nou vin kreyati Bondye vivan, yon plas pou abite kote Sentespri a ka voye benediksyon klere L yo desann atravè la a, e nou nan grandè Kris la.

349 Jezi te di: “Èske sa pa ekri? Nou te kondane M, nan di: ‘M se Pitit Bondye a.’ Èske sa pa ekri, ke: ‘Nou se dye.’ Èske pwòp lwa nou pa di sa?” Tankou Moyiz, tankou Eli, tankou pwofèt sa yo ki te viv tèlman pre Bondye, jouk Bondye jis transfere Tèt Li dwat nan yo. Epi yo te pale, pa yomenm, men Bondye. “Papanse a sa nou ta dwe di, paske se pa nou ki va pale. Se Papa a ki abite nan nou; Li fè pale a.” Pawòl Li se pa pwòp pa li, paske, lavi li, li mouri.

350 Si nou mouri, nou retire san an nan yon nonm, nou anbome li. Pwoblèm lan se ke, anpil nan yo pat janm vin anbome. Si w retire san an nan yon nonm, l ale. Apre sa sèl bagay nou fè se tounen mete yon lòt san nan li; li pral viv ankò. Nou te retire san li.

351 E kounye a nou mete San Jezikri a, ou wè, epi sa mennen lafwa Jezikri a, vèti Jezikri a, konesans Jezikri a, tanperans Jezikri a, pasyans Jezikri a, pyete Jezikri a, bonte fratènèl Jezikri a, ak lanmou Bondye a, ki se Jezikri. Li se Tèt la ki kontwole nou. Epi pye nou se fondasyon an, lafwa. Amèn! Kontwole pa Tèt la, pran . . . ? . . . Apa nou. Men nonm Bondye ki pafè a, lè li posede vèti sa yo.

352 Apre sa, Bondye, ki reprezante Legliz Li kòm yon Lepouz, yon fanm. Bondye reprezante Legliz Li kòm yon Lepouz. E fason Li mennen chak endividi pou vin pitit Li, pou antre nan Lepouz sa a, Li te mennen Lepouz la tou atravè laj sa yo, [Frè Branham tape sou tablo li a sèt fwa—Editè a.] jouk Li mennen sèl Legliz konplè sa a nan *sa*.

353 Pye m yo bouje. Poukisa? Paske tèt mwen di sa. Kounye a, li pa ka bouje tankou men mwen, paske se pye m. Luther pa ka fè bagay ke nou te fè yo, nitou Metodis yo pa kapab, paske yo te yon lòt bagay. Ou wè? Pye yo bouje paske tèt la di sa. E tèt la pa janm di: “Kounye a, pye, nou vin men. Zòrèy, nou vin je.” Ou wè?

354 Men, chak aj, Bondye te plase bagay sa yo nan Legliz Li, epi te fòme modèl li nan montre ke chak endividi gen sa yo, posede kalite sa yo. E Èt *sa a*, lè li konplè, se Legliz Bondye ki pral nan

Anlèvman. E èt *sa a*, epi konplete, se yon sèvitè Bondye, nan Legliz Bondye a, ki pral nan Anlèvman an. Glwa! Ou wè kisa m vle di? Apa nou. Men bagay la okonplè.

355 *Men* yon nonm vini, Pòl, ki poze fondasyon an. Irene kòmanse vide *sa* sou li. Pwochen an te vide *sa a*. Pwochen an te vide *sa a*. Pwochen moun *sa a*, epi *sa a*, epi *sa a*, epi kontinye desann jouk li vin nan dènye aj la. Men kisa l ye? Se menm Lespri a.

356 Menm lespri ki abite nan mwen an, di: “Men, lonje pran kès sa a.” Menm lespri a di: “Pye, fè yon pa.” Ou wè sa m vle di?

357 Apre *sa*, tout grandè èt nou gouvène epi kontwole pa bagay sa yo, men yo pa ka kontwole li okonplè jouk li posede kalite sa yo okonplè.

358 Èske nou te janm tandè sa? Kounye a kite m di nou sa. Epi kenbe vrèman . . . Mete sa sou zòrèy nou kap koute. Ou wè? Pi gran fòs yon chenn rete nan mayon ki pi fèb li a. Se egzak. Li pa pi fò pase mayon ki pi fèb li a.

359 Sa pa enpòtan kijan *sa yo* bati ak fòs, *sa* bati; si li gen yon mayon fèb, men kote l kase a. E li pa pi fò pase mayon ki pi fèb sa a. [Frè Branham ap refere a desen li ki sou tablo a—Editè a.] Kounye a si nou posede, nou di nou gen *sa, sa, sa*, nou pa gen *sa*, men kote li kase a. Si nou gen *sa*, epi pa gen *sa*, l ap kase la menm. Nou gen *sa*, epi pa gen *sa*, l ap kase. *Sa a*, epi pa gen *sa*, l ap kase. *Sa a*, epi pa gen *sa a*, l ap kase. Ou wè? E si nou pa . . . Pa ka gen *sa a* san w pa gen *sa a*.

360 Kidonk lè nou soumèt èt nou okonplè, lè sa a Sentespri a jis vide atravè nou, nan vèti sa yo, lè sa a nou se yon tabènak vivan. Alò moun yo gade epi di: “Sa se yon nonm plen ak vèti, konesans (li kwè Pawòl la), tanperans, pasyans, pyete, bonte fratènèl, plen ak lanmou Sentespri a. Ou wè, men li, k ap pwomennen.” Kisa l ye? Yon grandè ke enkwayan yo ka gade epi di: “Men yon Kreyen. Men yon nonm, oswa yon fanm, ki konnen de kisa y ap pale. Nou pat janm wè yon moun pi janti, pi dous, ak plis pyete.” Nou sele. Yon so parèt sou de kote. Kit nou prale oswa n ap vini, nou wè so a jis menm jan an. Men ni. Ou wè? Lè yon nonm oswa yon fanm posede *sa*, alò Pyè fetyè a desann epi sele yo nan Wayòm Bondye a, ki se Sentespri a.

361 Lè sa a Pawòl la, ki sot *Isi a*, manifeste Tèt Li atravè chak grenn nan èt sa yo, ou wè, epi fè Èt konplè sa a yon Tabènak Bondye vivan an, yon egzanp Kreyènse vivan, k ap mache. Sa Kris te ye, moun sa yo ye, paske Lavi Li anndan isi a. Yo nan Kris. E lavi yo mouri epi kache nan Kris, atravè Bondye, epi sele anndan la a pa Sentespri a. En Korentyen 12. Se vre. Ou wè? Nou estime tèt nou mouri, apre sa nou ne de lafwa. Alò vèti ak lòt bagay sa yo ajoute nan nou jouk nou se yon imaj vivan Bondye ki pafè. Sa mèveye?

³⁶² Epi Bondye, atravè sa, te pote Sèt Aj Legliz tou, pou montre sèt etap ke L te pote yo, nan bati endividi Li nan imaj Li, Li bati yon Legliz konplè nan imaj Li. E nan rezirèksyon an, Kò konplè sa a ap leve pou viv avè L pou tout tan, paske Li se yon Lepouz. Ou wè? Kidonk sa koupe nan chak aj, chak aj ki vini.

³⁶³ E gen plis ki egzije, sonje. Sonje kisa Pòl te di bò isi a nan Ebre 11? Kite m jis li on bagay pou nou anvan nou fenmen isi a, jis on minit. Epi nou . . . Li on jan fè nou santi nou on jan etranj lè mwen . . . toujou, lè mwen li sa. M pral pran Ebre 11, epi m pral kòmanse vèsè 32 a.

Kisa ankò, kisa m ta di nou ankò? Se tan mwen pa genyen pou m ta pale nou sou Gedeyon, Barak, Samson, Jefe, David, Samyèl ak tout pwofèt yo.

Ak lafwa yo te genyen an, yo goumen, yo pran peyi lòt moun nan men yo, yo gouvènen san patipri, yo resevwa pwomès. Yo fèmen bouch lyon yo,

yo touye gwo gwo dife, yo chape anba men moun ki te vle touye yo ak nepe. Epi yo te fèb, men yo vin gen fòs, sa te rann yo vanyan anpil nan chape, kifè yo te ka kraze lame etranje yo.

. . . anpil fanm wè moun pa yo ki te mouri tounen leve vivan ankò. . . ladan yo te pase nan touman, yo te toumante yo. Yo refize asepte okenn moun vin delivre yo, pou yo te ka leve soti nan lanmò, antre nan yon lavi ki pi bon.

³⁶⁴ Pi ba nèt isi a. Ou wè? [Frè Branham refere a desen sou tablo 1 la—Editè a.] Trè byen.

Gen lòt ladan yo ki te gen eprèv . . . moun pase anba betiz kriyèl, yo bat yo byen bat. Gen lòt ankò . . . mare yo ak chenn, . . . nan prizon.

Yo touye yo anba kout wòch, yo te siye yo fè de moso, yo te tante yo, yo touye yo ak nepe. Se kouri yo t ap kouri soti yon kote al nan yon lòt tèlman moun t ap pèsekite yo, epi tèlman yo t ap maltrete yo. Se po mouton ak po kabrit yo pran sèvi rad tèlman yo te pòv.

(Moun konsa, latè pa t bon ase pou yo.) . . .

³⁶⁵ Ou wè, nan parantèz la a, nou te remake nan Bib nou.

. . . Yo t ap kouri moute kouri desann nan dezè yo, nan mòn yo. Yo t ap viv nan twou wòch ak nan twou tè.

. . . Tout moun sa yo, Bondye te dakò ak yo paske yo te gen lafwa nan li . . .

³⁶⁶ Isi a! [Frè Branham refere a desen nan tablo 1 la—Editè a.]

. . . te dakò ak yo paske yo te gen lafwa nan li. Men, atousa, yo pa t resevwa sa Bondye te pwomèt la. (Ou wè?)

Bondye te sere yon pi bon bagay ankò pou nou. Li pa t vle pou moun sa yo te rive bon nèt kite nou deyè. Sèl jan pou moun sa yo te ka rive bon nèt, se ansanm ak nou.

367 Nou konprann sa? Moun sa yo ki te mouri, anndan *isi a*, ap depann epi ap tann nou. Kidonk, Legliz *sa a* dwe vin nan pèfeksyon, pou mennen rezirèksyon an. E yo anba, nanm anba lotèl la, ap tann pou Legliz *sa a* vin nan pèfeksyon Li, konsa lè Kris vini.

368 E Legliz *sa a*, nou wè, ap vin pi piti, nan minorite a. [Frè Branham refere a desen tablo l la—Editè a.] Li pi file anpil pase *sa*, men m jis renmen ekri kwa *sa a la a*, ou wè. Li vin nan yon pwent zegwi. Jiskaske, Legliz la, nan minorite a, dwe rive nan yon plas jiskaske se menm kalite ministè ke *sa* te kite, paske, lè Pyè fetyè *sa a* tounen . . .

369 Li gen tankou yon ti pòch *isi a*, kote li pral chita dwat anndan la a, tankou sou yon piramid ôdinè. Se pa jis yon chapo ki vin chita sou tèt la. Gen yon ti rebò, epi li dwe vin poze anlè la a, paske li fè dlo a jayi.

E lè li vini, Legliz *sa a* dwe poli.

370 Tout *sa yo*, rès wòch yo nan piramid la, yo poze tèlman pafè jouk nou pa ka fè yon lam razwa pase nan mitan yo, yo peze plizyè tòn, poze anndan la a. Kijan yo fè yo monte, yo pa konnen. Men yo te konstwi.

371 E anwo *isi a*, lè Pyè fetyè piramid la vini, piramid la Limenm, Kò Kris la dwe vin poli. Pa sèlman jis kèk kredo oswa doktrin, oswa on lòt bagay nou pase ladann. L ap dwe vin tèlman pafètman tankou Kris, jouk, lè Li vini, Li ak ministè *sa a* ap adapte dwat dirèk ansanm. Ou wè? Apre sa Anlèvman an ap vini, ale Lakay la.

372 Gade kote n ap viv kounye a, nan Lawodise, kote legliz la te laj legliz ki pi mal yo te janm genyen. Nan Bib la, nou dekouvri, se te sèl laj legliz ke Bondye te sou deyò legliz la, ap frape, ap eseye tounen nan pwòp bilding Li. Kredo ak denominasyon yo te menm mete L deyò nan pwòp legliz Li. “Men ni, Mwen kanpe nan pòt la epi M ap frape. Si yon nonm swaf epi l ouvri pòt la, M ap antre, soupe avè l.” Ou wè? Men li, nan laj legliz *sa a*. Yo te jete L deyò gradyèlman, jiskaske *isi a* yo te retire L nèt. Yo pa vle gen anyen pou fè avè L.

373 Kounye a nou wè jodi a kote nou prale. Menm lè lafen Laj Legliz Lawodise a vin tèlman fòmèl, jouk li ak Katolis, ki te kase l dwat anndan *isi a*, ap rasanble epi ap reyini kòm yon sèl gran legliz. Ak yon federasyon legliz, se menm lan ak Katolis.

374 Gen sèlman yon sèl diferans, si yo ka jis pase sou *sa*, sa se pran kominyon an. Sa se sèl bagay nan dyosèz la, ki—ki—ki anpeche Katolis la ak Pwotestantis la ini, se lòd kominyon an. Legliz Katolik la di: “Se kò a.” Epi legliz Pwotestan an di: “Li

reprézante kò a.” Katolik la fè yon mès avè li. Yon mès se, ke, yo pran kominyon an, ap espere yo padone yo. Pwotestan an pran l pa lafwa, ap di Bondye mès, nan kominyon, ke yo padone yo. Pwotestan an di: “Nou padone.” Katolik la di: “N ap espere nou padone.” Mès ak kominyon. Yo rele l yon mès; nou rele l yon kominyon. Yon mès ap espere se konsa. Yon kominyon konnen se konsa, epi di L mès pou sa. Ou wè? E men sèl bagay ke yo pa ka antann yo ansanm sou li. Y ap fè l.

³⁷⁵ O, li sanble l trè bèl. L ap reyini, pou dirije. . . L ap—l ap dirije tout. . . Ebyen, Bib la te di: “Epi bèt sa yo te bay pouvwa yo bay pwostitye a,” ou wè, yo te ini tèt yo ansanm. Ou wè? Jis egzaktman sa Bib la te di yo tap fè, y ap fè l kounye a. Li pwogrese dwat, semèn sa a menm. Pa tankou m gen anyen kont moun Katolik yo, pa plis ke moun Pwotestan yo.

³⁷⁶ Nou Metodis ak Batis, ak anpil nan nou Pannkotis, lè legliz nou yo te ale dwat nan federasyon legliz sa a, lè yo te fè bati gwo mòg lan la a nan New York, de federasyon legliz sa a, se menm jan ak nan Nasyon Zini ak lòt bagay. Y ap eseye reyini tout Pwotestantis la ansanm.

³⁷⁷ Kounye a, Katolik yo okouran de sa, epi yo pral pote, Pap Jan 23 sa, oswa 22 a, kèlkeswa sa l ye a, l ap eseye, nan yon fason ba, enb, mennen tout lafwa Pwotestan ak lafwa Katolik nan yon sèl lafwa, egzaktman sa Bib la te di yo tap fè. Apa nou. Epi Pwotestan yo ap tonbe pou sa, yo vale kwòk la, liy lan, ak plon an.

³⁷⁸ Poukisa? Poukisa? Paske yo pa posede bagay sa yo. *Konesans*: “Pawòl Bondye a vrè.” *Pasyans*: “Sila yo ki tann Seyè a.” Ou wè sa m vle di?

³⁷⁹ Tankou evèk Metodis sa a te di lòt jou a, lè yo te pase sa. Epi nenpòt moun konnen ke, kijan, kisa ki te enspire sa, nan eseye gen yon sèten priyè ki pou di nan legliz, oswa nan lekòl. Epi te vle. . . M panse se te yon liv priyè Presbiteryen, oswa yon lòt bagay, epi paran yo te mennen lekòl la—la—la devan lajistis paske yo pa tap aseptè pou priyè sa a di nan lekòl la. Epi evèk Metodis sa a te yon vye granmoun saj, li te kanpe epi l te di: “Se fo.” Li te di: “Se antikonstitisyonèl.” Li te santi van an ap vini. Li te di: “Tankou nan legliz Metodis nou an,” li te di: “nan legliz Metodis nou,” li te di, “anpil nan moun nou yo toujou ap pale sou eskandal Hollywood la, epi katrevenkenz pousan nan yo al wè l kanmenm.”

³⁸⁰ Kisa k pwoblèm lan? Yo kite sa. Se egzaktman sa. Yo kite sa.

³⁸¹ M tap pale isi a menm nan sal sa a, lòt jou, ak yon—yon—yon ofisyèl nan youn nan pi gwo legliz Metodis ki gen nan Falls City a, youn nan legliz Metodis ki pi espartyèl ki gen nan Falls City a. Pou montre, ke laj Metodis vini jis a kote laj nou an la a, Pannkotis la. Epi l te di: “Nan St. Louis, Missouri, yo te fè yon analiz, apeprè twa oswa kat mwa de sa, epi yo dekouvri.”

Nonm sa a ka chita isi a maten an. Ebyen, li se kontraktè k ap bati sa a, ranje bilding lan pou nou. Li fè pati legliz Metodis Main Street la, kote Frè Lunn avè yo te pastè. Kidonk alò nou dekouvri ke, nan sa, ke m kwè li te swasanndis e kèk pousan nan moun Metodis yo dapre yon analiz, ke, yon ankèt nan St. Louis, te montre ke swasanndis e kèk pousan nan Metodis yo te fimen, epi swasanntuit pousan nan yo ap bwè bweson tafya. Yon Metodis! E bagay etranj lan te, lè se te yon analiz ki bay, oswa fè estimasyon ant gason ak fanm; fanm, se te swasanndis, swasanndis on bagay pousan, pou apeprè senkant pousan nan gason yo. Plis fanm fimen epi bwè pase gason. Swasann dis pousan, swasann dis on bagay pousan, plis fanm pase gason.

³⁸² Kounye a e si nou desann nan Doktrin Bib la konsènan mete bout pantalon, ak koupe cheve, ak bagay konsa, ou wè, kote pou pyete, fanm kap pwofese pyete ak sentete? Fèt kat ak tout lòt bagay, tripotye, paladò, ki pat kapab kenbe pwòp lang yo. Pwòp lang k ap pale epi k ap fè tripotay, epi ki prale pa si pa la. E mesye yo? Fèt kat, jwèt gòlf, deyò la a mwaye abiye, ak vye ti rad sal sou yo, ak fanm sa yo k ap trennen la a. Se pa etonan!

³⁸³ Ou wè konbin sal sa a yo te fè predikatè sa a, predikatè ki nan prizon yo, maten an? Wi, mesye. M pa kwè nonm sa a koupab pou sa. Kisa sa te fè? Sa se Frè . . . M pa ka sonje pa li . . . [Yon moun di: “Dan Gilbert.”—Editè a.] Ya. Dan Gilbert, predikatè ki nan prizon yo. Lè nonm sa a kouri antre epi te asasinen Dan, isi a sa fè kèk mwa de sa, epi kounye a madanm li dwe gen yon bebe. Byensi, Dan mouri, yo pa ka mete yon transfizyon san pou bebe a kounye a. Li di ke Dan te vyole li, epi se pa l . . . “Se bebe Dan.” Ala yon . . . M pa kwè sa pa plis ke m kwè ke yon—ke yon—yon kaw gen plim pijon. Non, mesye. M kwè se yon manti. M kwè Dan Gilbert te yon òm de Dye. E m kwè se yon konbin dyab la.

³⁸⁴ Tankou bagay sa a y ap eseye fè pase sou priyè sa yo. Vye Metodis sa a—evèk Metodis te entèlijan ase pou kapte sa. Si li ta gen, si sa ta pase, sa te sèlman enspire pa yon lòt bagay. Se vre.

³⁸⁵ Jis tankou pwoblèm segregasyon sa a laba nan Sid la, menm bagay. M kwè lèzòm ta dwe lib. M kwè nasyon sa kanpe pou libète. M pa blame Mesye Kennedy poutèt li voye twoup yo laba a. Malgre, m pa yon—yon “new dealer,” epi m pa yon Demokrat. M pa yon Repibliken. M se yon Kreyen. Kidonk mwen . . . Men m pa kwè nan sa. M pa kwè moun nwa yo ta dwe vann dwa denès yo pou bagay konsa, non plis. Se te—se te pati Repibliken an. San Abraham Lincoln te libere moun sa yo paske li te yon òm devwe pou Bondye. M panse yo ta dwe omwen rete atache ak pati yo si yo pral vote menm.

³⁸⁶ Men m di nou yon sèl bagay, gason sa a pat anba la a jis poutèt sa, lekòl yo. Gason sa a se yon sitwayen. Li se Ameriken. Sa se libète pou tout moun. Koulè yon nonm pa ta dwe chanje anyen. Nou tout . . . “Bondye,” te di: “de yon sèl nonm, tout san te fèt,

tout nasyon.” Nou tout se youn. Men, gason sa a, li te yon sòlda. Li se yon veteran. Li te goumen pou sa ki bon. Li te gen dwa pou l al lekòl. Se vre. Men li te gen plen lekòl li te ka ale.

³⁸⁷ Se kisa bagay la ye. Si nou soutni li, se bagay denominasyonèl aktyèl sa a anwo la a, k ap enspire sa. Poukisa? Y ap balanse vòt moun nwa sa yo sot nan Repiblikan al nan Demokrat, epi y ap vann dwa denès yo avèk sa. Egzakteman laverite. Sentespri a pa isit la . . .

³⁸⁸ “Se pou sila ki gen sajès.” “Se pou sila ki gen konesans.” Egzakteman. Jis tankou legiz sa a, laj prezan sa a, ap vann tèt li. Èske nou pa ka wè kisa k ap pase?

³⁸⁹ Sa pa gade m si sa anrejistre sou bann. Men l vini. En en. Ya. Ki pwoblèm lan? Vye manman m te konn di: “Bay dyab la sa k pou li.”

³⁹⁰ Gen yon sèl nonm ki te fè sèl bagay ki te sanse, se te Castro anba la a. Wi, mesye. Li te ale laba a. Epi kapitalis yo te gen tout kann lan ak tout bagay ki . . . sa baze sou lò, tankou Etazini. Kisa l te fè? Li te achte tout obligasyon sa yo. Li te ramase lajan tout jan l te kapab. Kisa l te fè lè sa a? Li te fè imitasyon deviz la, epi l te chanje li. Li te remete l an sikilasyon. Se sèl bagay nasyon sa a te ka fè.

³⁹¹ Èske nou te tande *Life Line* lòt jou maten an? Enben, nou konnen, se jis tankou nou vann obligasyon sou lò a. Yo deja ramase obligasyon yo. Epi gouvènman aktyèl sa a kounye a ap depanse lajan pou kisa? Pou lajan taks ke yo pral kolekte nan karant an. Li fini. Se *Life Line* ki soti dwat nan Washington, DC, atravè nasyon an. Taks, y ap depanse, epi y ap eseye achte deviz etranje . . . Ebyen, yo jis ap distribye l kanmenm. Èske nou pa wè? Se egzakteman sa ya—sa ya pral fè. Ou wè? Kisa l ye? Kounye a, si nasyon sa a fè fayit, sèl bagay li ka fè se fè fayit. Sèl bagay ke l ka fè se fè fayit.

³⁹² Se sèl bagay sanse pou fè, se chanje deviz la. Men yo p ap fè l, anba administrasyon aktyèl sa a. Legliz Katolik Women posede lò mond lan. E sa y ap fè se vann: “Nonm rich sa yo,” e Iatriye, “sou tè a,” jan Bib la te di. Kisa y ap fè, anvan yo pèdi, Konpayi Brown And Williamson Tobacco A, prèske tout se Katolik, tout jan, e tout lòt bagay sa yo, kisa y ap fè? Y ap asepte sa, epi y ap pran lajan an sot Wòm, epi li te vann dwa denès li a menm. Wòm ap sipòte li. Wi, mesye. L ap sipòte li. Epi y ap fè ase antant politik kounye a, y ap fè ase nan alantou yo, y ap mennen sa nan kabinè li. Gade kisa Mesye Kennedy ap mande.

³⁹³ E lè nou te wè sa, lòt jou a, pa gen okenn nesosite pou vote ankò. Ki itilite vote a? Lè, yo mete l anndan jounal lan, epi yo te pwouve li devan piblik la, epi yo te refize fè on bagay sou sa. Lè, yo te pwouve ke machin yo atravè nasyon an te pwograme davans, ke yo te eli Mesye Kennedy pa yon vòt ki fo. Èske Bib la pa di ke li tap antre pa twonpri? Sètènman, yon vòt ki fo. Kounye

a, m pa kont pati Demokrat la pa plis pase pati Repibliken an, men m jis ap deklare fè ki sot nan Bib la. Ki itilite pou vote? Yo konn kimoun ki pral antre la a.

³⁹⁴ Konbyen nan nou ki sonje emisyon televizyon an kote l te gen de fanm ki kanpe? Epi youn te di: “M pral vote pou Mesye. . . .” Oswa, yon fanm Pwotestan te di: “M pral vote pou Mesye Kennedy.”

Yo te di: “Poukisa?”

³⁹⁵ Li te di: “Paske m panse li se yon nonm pi entèlijan pase Mesye Nixon. L ap fè yon pi bon Prezidan.”

³⁹⁶ Alò li te di: “Sa se yon fanm Katolik. ‘Pou kimoun ou pral vote?’”

³⁹⁷ Li te di: “M se yon Katolik, yon Katolik Women, yon Katolik fidèl.” Li te di: “E m pral vote pou Mesye Nixon.”

“Poukisa?”

³⁹⁸ Li te di: “Paske, mwen panse Mesye Nixon ap fè yon pi bon Prezidan paske li pi abitye ak bagay yo. Li gen plis konesans sou kominis.” Fanm sa a bay on manti.

³⁹⁹ M gen *La . . .* sa yo rele, *The Facts Of Our Faith*, liv Katolik ki pi elve ke moun ka achte. Epi l di anndan la a: “Si gen yon Katolik sou on lis elektoral, k ap prezante kont yon Pwotestan; si yon Katolik vote pou Pwotestan an, y ap ekskominye l nan fratènite legliz Katolik la.” Egzak. “E si gen de Katolik k ap prezante pou menm pòs la, yo va chwazi Katolik ki pi fidèl ak ‘legliz mè’ a epi vote pou yo.”

⁴⁰⁰ Nou wè kijan, twonpri sa a, kisa y ap eseye fè? Y ap distribye lajan, pou achte. Poukisa? Y ap eseye kraze l. E y ap fè l, epi li san sen kòb. E kisa l ye? Li sou baz lò a. E legliz Katolik la, yerachi a, posede lò mond lan. [Yon moun di: “Sanswasanntuit milya dola.”—Editè a.] Sanswasanntuit milya. Apa nou. Voye l dwat tounen sou baz lò a, epi noumenm moun yo jis kenbe kay nou ak lòt bagay yo, men nou pou legliz Katolik la. Nasyon an pou legliz Katolik la. Yo pran tout bagay jis konsa, atravè deviz yo. Èske Bib la pa pale de sa? Se imaj la ke Bib la trase pou nou.

⁴⁰¹ Sa m ap eseye di, frè, jodi a. Yo va di: “Sa ap fè de li yon bon legliz. L ap ini Pwotestantis la.” Li parèt byen pou je natirèl la, men konesans mond sa a se foli pou Bondye.

⁴⁰² “E sa te fè Bondye plezi, atravè foli predikasyon an—an, pou sove sila yo ki pèdi,” pa yon fonksyon Divin, ke Li te òdone nan Legliz Li, pou bati Legliz la sou kalite espiritiyèl sa yo e pa sou anyen ki pou latè a.

⁴⁰³ Pyè te di: “E paske nou te chape anba koripsyon mond lan nan konvwatiz pou lajan, ak konvwatiz pou banbòch, ak plezi, ak manje a, ak bwè, ak konvwatiz ke nou genyen. Nou chape anba sa. E kounye a nou bati pou ban nou mwayen pou viv. M

ap adrese sa a Legliz la,” li te di. Apa nou. Èske nou te li l? Èske nou te konprann li? Èske nou te tande l lè nou te li l anvan sa isi a nan De Pyè? Jis koute kisa l di isi a, kijan sa ekri bèl anndan isi a, kijan li—li adrese li. Trè byen. Koute li kounye a antan l pale. Trè byen.

Pyè, Simon Pyè, sèvitè ak apòt Jezikri, pou sila yo ki resevwa yon lafwa ki gen menm valè ak pa nou an, nan jistis Bondye nou ak Sovè nou ki Jezikri.

. . . pou—pou nou resevwa anpil benediksyon ak kè poze, nan konesans Bondye ak nan Jezikri, Seyè nou an, nou genyen.

Dapre pouvwa Bondye a te ban nou tou sa . . .

⁴⁰⁴ Kimoun ki pral erite latè ak tout bagay? [Yon moun di: “Sen.”—Editè a.] Sèten. “Se pou . . .” Ya. Trè byen.

. . . nou bezwen pou nou ka viv, pou nou ka sèvi li. Li fè nou konnen moun ki te rele nou an nan glwa al nan glwa:

Se konsa, Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a, pou nou kapab chape anba koripsyon (Koute sa.) ki nan lemonn, akòz move lanvi ki nan kè moun.

⁴⁰⁵ Konvwatiz pou lajan, konvwatiz pou gwo bagay, konvwatiz pou popilarite, bagay sa yo mouri pou kwayan an. Ki mele nou. Yon tant oswa yon ti kay, poukisa mwen ta dwe sousye mwen; viv oswa mouri, koule oswa neye? Men bagay ki entereze m: Wayòm Bondye a. Kit mwen kenbe kay mwen, kit mwen kenbe fanmi m, kit mwen kenbe kèlkeswa sa l ye a, kite m kenbe Kris, lespwa Glwa nou.

⁴⁰⁶ Bati mwen, O Seyè, nan Sa. Kite Kris se Tèt mwen, k ap travay atravè mwen. Sou fondasyon mwen, lafwa m ki nan Li, kite vèti, konesans, tanperans, pasyans, pyete, ak bonte fratènèl, travay nan mwen, O Seyè, se priyè mwen. Ki mele m; viv oswa mouri, koule oswa neye; denominasyon, pa gen denominasyon; zanmi oswa pa gen zanmi. Kite Sa travay nan mwen, kite vèti Kris, konesans Li, koule, konsa m ta kapab anseye sila yo.

⁴⁰⁷ “Paske Bondye tabli nan Legliz la, apot, pwofèt, anseyan, pastè, ak evanjelis, tout pou pèfeksyonman epi mennen tout vèti sa yo nan li, pou rive nan pèfeksyon Vini Pitit Bondye a.” Chak grenn nan wòch sa yo se yon materyèl ki soti nan Sila a. Sa se materyèl Sa a. Chak grenn nan vèti sa yo se pou anndan Li, e y ap vide sot nan Li, desann atravè yo. Amèn.

⁴⁰⁸ Li midi. Ki kote tout ale? Amèn. Èske nou renmen Li? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Èske nou kwè sa? [“Amèn.”] Koute, ti moun yo.

409 Sè Kidd te di, maten an: “Frè Bill, m pa konnen si m ap rive wè w ankò.” Te sanble sa tap touye m. Ou wè? Lipanse l ap vin granmoun, e se sa l ye. M te priye pou Bondye epaye li ak Frè Kidd, pandan lontan.

410 Kite m di nou, nou pa konn pou konbyen tan nou pral gen youn lòt. M pa konn konbyen tan m pral avè nou. Bondye ka rele m lwen mond lan. Li ka rele m nan on lòt chan sèvis. Li ka rele nou on kote. Nou pa konnen. Men, ann—ann posede sa. Ann pa kite sa jis pase anlè nou. Ann pran sa.

411 Men l la a, nan Bib la. Men l isi a, ap bay modèl tout lòt bagay. E si m te sèlman gen tan pou fè li! Nou pa ka fè l nan yon sèl jou. Nou konn sa. Men, m ka mare tout bagay la ansanm!

412 Gade, lè nou te fini ak mesaj sa a la a, nou wè kisa Sentespri a te fè la a sou miray la, pa vre? Konbyen moun ki te isi a lè sa a? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè? Sèten! Li te desann drèt, te desinen menm bagay la, Anj Seyè sa a.

413 Ou wè, se vre. Pa kite sa chape nan men nou. Akroche nou avè l, timoun. Akroche nou ak sa. Sonje, bati sou lafwa nou, vèti, konesans, pasyans!

414 Bon, isi a, mpanse m te gen yon moso papyè isi a, si m pat lage l on kote lè m tap preche a. Men l isi a menm. Mèsi, frè. Mèsi, anpil. Si nou vle gade li, epi wè si gen on bagay isi a ke nou te kapab . . . Petèt modèl li on tikras pi bon pase sa ki la a, konsa nou ta kapab kopye kèk pati nan sa. M ap jis tache l isi a, epi nou ka gade l sèten epi—epi retape li.

415 Epi m vle nou pran li epi etidye li, epi konpare li, epi apre aji sou li. Pa jis etidye l, konpare li, men aji sou li lè nou fè sa. Pran l ak senterite pou tèt pa nou. Pa di: “Ebyen, m te pran plezi nan koute sa.” M te pran plezi, tou. Men koute li, epi apre resevwa li, se diferan. Ou wè? Ou wè? Se diferan. Ou wè?

416 Gen sèt kalifikasyon pou fè grandè Bondye a. Gen Sèt Laj Legliz, ke Bondye te mennen Legliz la nan kalifikasyon sa a. E Li te gen sèt mesaj pou fè l. Gen sèt, sèt, sèt. Ou wè? Sèt se—se chif Bondye pou sa ki konplè, epi twa se chif pafè Bondye. Kidonk, gen twa, ak sèt twa. Kidonk, matematikman, espiritityèlman, pa Pawòl la, pa temwayaj Sentespri a, tout sa te konplete bagay la ansanm. Ann etidye li.

417 Ann ajoute nan lafwa nou bagay sa yo, alò, konsa nou te ka vini nan grandè an plen Kris la; nan rasanble ansanm ak lanmou diven, krentif pou Bondye, respè nan kè nou pou youn lòt, respè fon pou youn lòt, bonte pou frè ak sè, pa janm gen vilgarite, anyen sof jis sa ki pi nan vi Sentespri a. Ou wè? Viv ansanm, vin yon Kretyen. Mache ak lafwa. Kite vèti Bondye a koule atravè nou; kite konesans Bondye a, lè sa rive pou diferansye byen ak mal. Lè dyab la prezante on bagay ki pa egzakteman selon Lekriti, mache lwen li. Se vre.

418 M ka imajine apot sa yo pat janm aji tankou nou. Yo te mache pwomennen, pwobableman dezòm ki te konn pale on ti kras, jouk yo te rive dèyè chè a. Yo te mache epi yo te fè sa yo te sipoze fè, epi yo te mache soti. Wi, mesye. Yo te gen pwisans. Yo te gen vèti. Yo pat gen diskisyon ak lèzòm. Yo konnen ki kote yo te kanpe. Se tou. Yo konnen kimoun yo te kwè. Yo te kontinye ap mache nan Lespri. Ap fè sèlman . . .

419 Jis jan m te di lòt jou swa a. Yon ti souke tèt, se tout sa Bondye te dwe fè, apre sa anyen pat fè yo kanpe. Yo pat kesyone epi etidye, epi ezite epi enkyete tankou nou, si yo ta dwe fè *sesi* oswa *sela*. Yo te ale pi devan epi yo te fè l, kanmenm. Jis yon sèl ti souke tèt ki soti kot Bondye, se te regle, jis osito. Poukisa? Kijan yo te ka konnen se te yon souke tèt ki soti kot Bondye? Yo te gen tout vèti sa yo anndan isi a, tout kalifikasyon sa yo. Epi premye ti soukè tèt ki sot kote Bondye yo te konpare l ak tout *sa a*, epi ak Pawòl Li. Yo te konnen se te Pawòl Bondye a, epi yo te pati. Yo pat gen pou enkyete sou anyen lòt. Lè Bondye te pale, yo te ale. Nou pale . . .

420 Bondye pale avè nou, epi n ap di: “Ebyen, n ap kòmanse. N ap wè si nou ka viv Lavi sa a.” Premye bagay nou konnen, yon moun kontrarye nou. Ebyen, sèten, se dyab la.

421 Nou ta dwe wè l ap eseye kenbe m lwen reyinyon sa a maten an. Nou ta dwe gen sa a yon fwa. O, mizèrikòd! M dwe goumen chak fwa m pale de yon reyinyon. E si m pral priye pou on malad, epi yon moun k ap mouri e ki pa sove, pral gen trant apèl ki antre nan di minit, si yo ka rive rapid konsa, pou anpeche m fè l. “O, Frè Branham, ou dwe fè *sa a*.” Men gen yon nanm an danje. Sèten. Ya.

422 Lòt jou swa, yo te rele m pou al yon kote. Yon jennonm, m te pale avè l anba isi a nan sa nou rele li, sipèmakèt, kèk lane pase. Li vin yon alkolik. M te konn ti gason an, yon ti gason debyen, men li te yon pechè. E kidonk manman l te rele. M panse li te rele Doc kèk fwa. Mwen . . . Te rele, epi yo te rele Billy, epi—epi finalman m te resevwa mesaj la. Epi lè m te resevwa mesaj la, pou di franchman, m pat janm gen konba anpil konsa nan vi m, pou rive al jwenn ti gason sa a.

423 Epi lè m te rive la a, pòv kanmarad la pat konnen m ankò. Men l te la a, lonje la a, enkonsyan, epi jis ajite. Papa l tap eseye karese li, epi ap di: “Cheri.” Epi mesye a gen senkant an, aprepre senkanteyen lane. Epi l ap di: “Cheri,” *sesi*, epi “rete trankil.” Epi li tap eseye leve. Vye ti bra l yo apepre gwo *konsa*. Ti gason an te tèlman gen kansè jiskaske li pat anyen ke kansè solid. Tout ògan kò li te gen kansè. Menm sikilasyon san li te kansè, tout bagay. E men li te la a, ap eseye leve, epi ajite konsa.

424 M te pran l nan men, m te di: “Woodrow, Woodrow, se Frè Branham.”

425 Papa l te di: “Èske w pa konnen? Se Frè Bill. Woodrow, se Frè Bill.”

Li te di: “Uh. Huh. Uh-uh-uh.” *konsa.*

426 Epi papa l te gade epi te di: “Billy, ou vin on tikal an reta.”

M te di: “Pa janm twò ta. Li isi a.” M te gen yon batay.

427 Epi lòt gason yo, kèk lòt gason, pechè, te kanpe la a, kèk nan fanmi li. M te di: “Nou wè, ti mesye, mete nou prè, paske n ap vin nan sitiyasyon sa. Nou dwe rive nan sitiyasyon sa. Ou wè? Petèt pa ak kansè sa a—sa a. Nou ta ka vini ak yon lòt bagay, laba a sou wout la, ap senyen amò, oswa on bagay. Nou dwe vin nan sitiyasyon sa.” Nou te pale avè yo.

428 M tap tann pou wè kisa Lespri a te di fè. M tap tann. Premye bagay ou konnen, m te santi ti souke tèt sa a. “Poze men w sou li.”

429 M te mache fè tou a, m te di: “Nou tout koube tèt nou.” Yo tout te koube tèt yo, de ou twa jenn kanmarad anndan la a.

430 M poze men m sou li. M te di: “Seyè Bondye, kite ti gason an gen konsyans pou konnen kisa l pral fè, anvan li gen pou rankontre bagay sa a. L ap mouri. Dyab sa a te fini avè l, e li prale. Epi li te soule tèt li amò, e men l isi a nan kondisyon sa a. M priye pou W gen mizèrikòd pou li.” Epi lè m te priye pou li, nan demen maten li te chita, ap pale ak papa l.

431 Busty Rogers, ki . . . Yo te rele m isi a nan lopital la, sa pa fè lontan. M te deyò la a jou sa a, apre m te fin preche la a nan Miltown kote ti Georgie Carter te geri a. Nou tout sonje sa. E la a lè Frè Smith, yon predikatè Metodis, te di: “Si yon moun te janm batize, nan Non Jezikri a, soti anba tant mwen,” konsa. Anwo la a nan Totten Ford, li tap fè reyinyon sa a anwo la a. Epi, o, li te kondane m pou tout bagay nou te ka panse. M pat janm di yon mo; m te kontinye drèt. M te gen yon komisyon. Seyè a te montre m yon vizyon. Te gen yon ayo anba la a, kwoke yon kote nan dezè a. Nou tout sonje vizyon an, nou tout. M sipoze nou sonje. Èske nou sonje li? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Sèten. Trè byen. Apre sa m ta pral desann nan dezè a la a, al cache li.

432 Mwen te ale nan Totten Ford. Frè Wright la a konnen. Nou te ale lòtbò a, nou pat konn kisa pou fè. M te achte yon ti bwat savon, pou dis kòb. M ta pral soti la a, kanpe la a epi preche sou yon nechèl. Li te di li ta pral monte, sou tèt kolin lan, pou fè kèk komès. M te ale avè l. Te gen yon gwo vye legliz Batis ki te tabli la a, vid. Seyè a te di m: “Kanpe la a.”

433 M te di: “Kite m soti isi a menm, Frè Wright.” M te kanpe. Li te kontinye epi li te tounen.

434 M te ale la a, epi m pat ka louvri pòt la. M te di: “Seyè, si W nan sa a, Ou vle m ale nan legliz la, ouvri pòt la pou mwen.” M te chita la a epi m tap reflechi.

435 M te tande on moun ap vini; li te apwoche, epi l te di: “Kijan w ye? M ap di w,” li te di: “ou vle antre nan legliz la?”

M di: “Wi, mesye.”

Li di: “M gen kle a isi a.”

⁴³⁶ M te kòmanse yon reyinyon. Premye semèn, apèn anyen. Premye nwit, m te gen yon asanble, Frè Wright ak fanmi li. Premye bagay ou konnen, nan fen semèn lan, yo pat ka menm fè yo kanpe nan lakou a, apèn. Ayo sa a toujou pat parèt. Frè Hall te sove pandan moman sa a, pastè a la a kounye a, yo tout. M pat ka jwenn ki kote ayo sa te ye. Apre on moman, andeyò Legliz Kris la, anba pi ba kolin lan, ti fi sa a ki te gen nevan ak ui mwa pat bouje, lonje la a. Men l te la a. Nou tout konn istwa a. Wi, mesye.

⁴³⁷ E apremidi sa a lè Busty Rogers, gran gwo veteran gwonèg ki kanpe la a . . . M te mache soti la a. E men asanble Frè Smith te kanpe la a pou griyen dan sou mwen, pran plezi sou mwen, pou batize nan Non Jezi. M te mache soti nan dlo labou Totten Ford yo, kote yo te gen yon . . . [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . anwo ti rivyè a la a, epi li te jis ap gwonde otan l te kapab. Kèk dyak te mache soti avè m.

⁴³⁸ M te di: “M kanpe isi a maten an nan reprezantasyon Lekriti Sen Bondye a.” M te di: “M li nan Bib la isi a kote Pyè te di: ‘Repanti, chak grenn nan nou, batize nan Non Jezikri pou padon peche nou.’” M te vire tounen, te lonje Liv la bay youn nan dyak yo.

⁴³⁹ M te mache sot la a, epi m te di: “Kèlkeswa moun ki vle, ki repanti de peche l, kapab vini.” M te avanse la a nan dlo a. M te di: “Sanble pou mwen ke Zanj chita sou chak branch kounye a, ap gade.” O la la! Apreprè nan moman m te batize apeprè de oswa twa, tout asanble li a, medam sa yo ak bèl rad swa sou yo, te antre nan dlo sa a, ap rele ak tout fòs yo. M te batize tout asanble li a nan Non Jezikri. Nou konn sa. M gen foto li. Men l te la a.

⁴⁴⁰ Kisa l te ye? Ajoute nan vèti nou. Ou wè? Kite l trankil. Bondye konnen kijan pou L fè l. Bondye konn kijan pou fè bagay sa yo rive. Kite yo di sa yo vle. Sa pa fè okenn diferans. Jis kontinye ale.

⁴⁴¹ Busty Rogers ki kanpe la a, lè l te wè sa, li te di: “Alò mwen kwè l ak tout kè m.” Epi li te antre nan dlo a, ak bon rad li sou li, epi l te batize nan Non Jezikri.

⁴⁴² Apeprè twa ou katran de sa, yo te rele m isi a pou al lopital la nan New Albany. Men l te la a, ap mouri, ak kansè, ki te jis devore l. Doktè ba li jouk demen maten, pou viv. Li te di: “L ap mouri kounye a.” Li te di: “Vini touswit.”

⁴⁴³ M te antre nan chanm lan, lè m te fè sa, pou kanpe la a epi priye. Li te di: “Billy, gen yon lakansyèl kap sèkle kwen sa a laba a.”

⁴⁴⁴ Epi m te vire, pou gade. M te di: “Busty, se yon alyans. Ou pa pral mouri. Alyans San an sove w.”

445 M poze men m sou li, m te di: “Seyè Bondye, vizyon sa a laba a pwouve ke Ou isi a. Alyans Ou se ke, sa, ‘Pa maleng Li yo nou te geri.’” M te poze men sou li, epi la a li te vin byen. Yo te voye l lakay.

446 E apeprè kat oswa senk an, apeprè katran, li te fè lapèch monte desann nan rivyè a epi tout bagay tap kontinye. E kote kansè a te ye nan viwonn ezofaj la nan lestomak la, te fè kal nan li, gen yon gwo ne di. Doktè yo, veteran lopital la, te di l ke yo te gen yon tretman kobalt ki te ka detire sa, kite plis manje desann alafwa. Li te mal pou pran anpil manje, li te dwe manje tèlman dousman. Li te ale lòtbò a pou yo fè l. M pat konnen li te la a.

447 Apre sa lè yo te opere li, yo dekouvri sa te ba li yon kriz konvilsyon, epi li te gen yon stwok. Sa te paralize bò kote l konsa. E sèl bagay li te ka fè se jis kriye a mwaye. Epi l te pran yon kreyon, *konsa*, epi fè: “uh, uh, uh.” Epi li te eseye ekri, ap tranble *konsa*, ak bon men li. Bò gòch li, te gen stwok. Epi li te ekri, ak men li: “Jezi sove, an 1900 ak on bagay.” Yo pat ka sezi li.

448 Kidonk kounye a lè madanm li te di: “Frè Branham, m pa konn kisa li vle di nan sa.”

449 M te di: “Madan Rogers, sa l vle di, se te 1900 ak on bagay, ke li te sove epi te batize nan Non Jezi anba la a. Se sa k ap pote fwi kounye a. Li pa pè mouri.”

450 M te di: “Seyè Bondye, epaye vi li. M priye sa, nan Non Jezi, ke W ap epaye vi li.” M te poze men sou li. Stwok la te kite l. Kriz latranblay la te kanpe. Epi l te leve nan kabann lan. Epi l kanpe kounye a, ap bay temwayaj.

451 Ajoute nan lafwa nou, vèti; ajoute nan vèti nou, konesans; nan konesans nou, tanperans; nan tanperans nou, pasyans; nan pasyans nou, pyete; nan pyete nou, lanmou fratènèl; nan lanmou fratènèl nou, Sentespri a, epi Kris ap vini. Paske, jis anba Li . . . Sentespri a se Lespri Jezikri a nan Legliz la, pou manifeste vèti sa yo. O la la!

Men li, midi e ka.

Mwen renmen . . . Mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye

Laba nèt *isi a*, anvan ou te anyen.

E te achte . . . (Kisa L te fè?) . . . sali mwen
Sou bwa Kalvè a.

Kijan mwen *sa a?* Paske Li te renmen m, an premye.

Mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye (Men kòz la.)
E te achte sali mwen
Sou bwa Kalvè a.

452 Mwen angaje tèt mwen, maten an, anvè Li, ak tout kè m, ke, pa èd Li e pa gras Li, m priye ke m ap chache chak jou, san

rete, jiskaske m santi chak nan egzijans sa yo ap koule nan vye ti grandè pa m sa a, jouk mwen ka yon manifestasyon de Kris vivan an. Paske, Li te vin peche tankou m, konsa m te ka te vin . . . vin jistis Bondye, tankou Li. “Li te pran plas mwen; Seyè, kite m pran pa L la kounye a.” Paske, se pou objektif sa a Li te mouri. Konbyen moun ap angaje anvè menm bagay sa a, pa gras Bondye a? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Ak tèt nou koube kounye a, epi men nou anlè.

Mwen . . .

⁴⁵³ Mwen angaje anvè sa, Seyè, legliz sa a angaje anvè sa, “Grandè Jezikri a an plen!”

Paske Li te renmen m an premye
E te achte sali mwen
Sou bwa Kalvè a.



GRANDÈ YON NONM KI PAFÈ CRE62-1014M
(The Stature Of A Perfect Man)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle nan dimanch maten, 14 oktòb, 1962, nan Branham Tabenak nan Jeffersonville, Indiana, Etazini, yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org